Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№60 (24.810) • 2025 гъэм накъыгъэм (майм) и 20, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Кавказ зауэм хэкIуэда Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм зэрызахуигъазэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Накъыгъэм и 21-м илъэси 161-рэ ирокъу Кавказ зауэр зэриухрэ. А зэманым нэхъ лъэщу щыта къэралыгъуэхэр я геополитикэ сэбэп зыхэлъхэм щхьэкIэ зэрызэпэувауэ щытам къэрикIуащ а зауэр икIи адыгэ лъэпкъым гуауэшхуэ дыдэ, цIыхущхьэкIи мылъкукIи хэщIыныгъэ къызэрымыкIуэхэр къыхуихьащ абы.

Мы махуэм дэ ди щхьэр яхудогъэщхъ Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым, адэжь щIыналъэр залымыгъэкIэ зрагъэбгынахэм, хамэ хэкухэр псэупIэ зыхуащIу бэлыхь куэд дыдэ зыгъэвэн хуей хъуахэм.

Адыгэхэр къызэфIагъэщIакъым зыпхыкIын хуей хъуа гъэунэхуныгъэ хьэлъэ дыдэхэм. Я къэмылэнджагъэмрэ яхэлъ быдагъэмрэ, Iущыгъэмрэ япэкIэ плъэфу зэрыщытымрэ абыхэм щIэгъэкъуэн къахуэхъуащ а гузэвэгъуэ зэманыр къызэранэкIынымкIэ, апхуэдэуи ахэр хуэпэжу къэнэжащ тхыдэ мыхьэнэшхуэ иIэу илъэс щитхум нэблагъэкIэ узэIэбэкIыжмэ нэхъыжьхэм ячауэ щыта лъэбакъуэм. Абы мыхьэнэшхуэ дыдэ иIащ адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнумкIэ, хуэщхьэпащ иджыри сэбэп хуохъу абы и хабзэ зыми емыщхьхэр, щэнхабзэ, псэкупсэ щIэин къулейр хъумэным, Урысей къэралыгъуэ лъэщым хэту зиужьыным, и Iуэхухэр ефIэкIуэным.

Си фIэщ мэхъу, дяпэ итахэр зытета хабзэхэу зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ, Хэкум хуэпэжыныр зи лъабжьэр тхъумэкIэрэ, дэ сыт хуэдэ гугъуехьхэми дазэрытекIуэнур, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди къэралышхуэмрэ яфI зыхэлъхэм, ахэр нэхъри ефIэкIуэным хуэгъэзауэ къытпэщыт къалэнхэр зэрызэдгъэхъулIэфынур.

Республикэм ис псоми узыншагъэ быдэ яIэну, мамыру, зэIузэпэщу псэуну си гуапэщ.

Адыгэ псоми дигу къыдогъэкIыж

Илъэс къэс, накъыгъэм и 21-м дуней псом адыгэу тетым дигу къыдогъэкIыж Кавказ зауэм хэкIуэдахэр.

Ноби дызэхохьэ ди япэ итахэмрэ тхыдэм ди нэгу щIигъэкIа гузэвэгъуэмрэ дигу къэдгъэкIыжын папщIэ. Илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэжьым адыгэ лъэпкъым къриха лейр гуащIэу зэрыщытар ноби зыхыдощIэ, ар узу ди гум илъщ.

Пэжщ, илъэси 161-рэ мэхъу а зауэр зэриухрэ, ауэ кIыжыркъым а уIэгъэр. Сыту жыпIэмэ, и Iэужьыр гъэзэкIуэжыгъуейщ - адыгэр дунейм текъухьа хъуащ. Лъэпкъым и Iыхьэ пщIанэрщ Хэкум къинар... Адрейхэр ирашащ е хуитыныгъэм я псэр щIатащ. ХамэщI къыщыхутахэми псэхугъуэ ямыщIэу, лей къатехьэу, зэхэзедзэну я гъащIэр яхьащ. Ахэр зи нэгу щIэкIа, дауэ хъуами ерыщу гъащIэ гугъуехьхэм пэщIэта, узымрэ мэжэщIалIагъэмрэ ихьа, зи щхьэр зауэм хэзылъхьа псоми ди щхьэр яхуэдвгъэгъэщхъ. Дигу къэдвгъэгъэкIыж зэтракъута къуажэхэмрэ тфIагъэкIуэда щыIэкIэ-псэукIэмрэ. Тхьэм дыщихъумэ апхуэдэ гузэвэгъуэм, зэи я нэгу щIремыкI ди щIэблэм зауэ!

Накъыгъэм и 21-р щыгъуэм и закъуэкъым зи махуэр. Ар адыгэ лъэпкъыр зэрыщыту щызэрыубыд, зы псэ зэрытIутыр, зы гъащIэ къызэрыдгъэщIыр, зы блэкIа дызэриIэр къыщытщIэж махуэщ. Ауэ мащIэщ ар дигу къэдгъэкIыжыныр, дерс хэтхынырщ псом нэхърэ нэхъыщхьэр. Ди япэ итахэр зыщIэбэна щэнхабзэр, бзэр, хабзэр зыщыдгъэгъупщэну, тIэщIэхуну дыхуиткъым. Адыгэр адыгэ дызыщIыж псори ипэкIэ дгъэкIуатэмэ, ди щэнхабзэм щIэблэр щIэтпIыкIмэщ Кавказ зауэжьым зи щхьэ хэзылъхьахэм я гугъэхэр щыдгъэпэжынур.

Ди нэхъыжьыфIхэр гъащIэм Iущ ищIауэ куэд къагурыIуэрт. ИкIи абыхэм къыхахащ Урысейм гухьэну, абы хуэпэжыну, къулыкъу хуащIэну. Нобэ дэ дыщыщщ нэхъ лъэпкъыбэ, нэхъ ин дыдэу дунейм тет къэралыгъуэм. ИкIи дэтхэнэми ди къалэнщ ар ефIэкIуэнымкIэ щхьэж хузэфIэкIыр хуэдлэжьыну, дызэкъуэтыну.

Урысейм и закъуэ мыхъуу, къэралыгъуэ 50-м щопсэу адыгэр нобэ. Тхуэхъумэжащ ди бзэри, хабзэри, щэнри. Хамэ къэрал щыпсэу, дунейм текъухьа ди лъэпкъэгъухэм я цIэр фIыкIэ ираIуэ: ахэр хуолажьэ политикэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, спортым. Гуапэ мыхъуу къанэркъым хэхэс мин бжыгъэхэм Хэкум къызэрагъэзэжари.

Зы адыгэ дунейм тетыху нобэм дыкъэзышэса ди нэхъыжьыфIхэмрэ тхыдэмрэ тщыгъупщэнукъым. ЗыщыдгъэгъупщэкIэ хъунукъым, адыгэр дэнэ щыIэми, щыпсэуми и лъахэ унэр Кавказ Ищхъэрэрщ, Урысей къэралыгъуэрщ. Ди адыгэбзэр Урысей Федерацэм и щIыналъищым я къэралыбзэщ: Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм.

А псом дрипагэу дыкъэгъуэгурыкIуэми, языныкъуэ бзаджащIэхэм дызэраууштыну, зэгурымыIуэныгъэ ди зэхуаку къыдалъхьэну яужь итщ. Ар къыдгурыIуэу мамырыгъэр тхъумэн, дызэрылъытэн, Урысейм и хабзэм дытету дыпсэун хуейщ.

Лъэпкъым къыхэжаныкIауэ куэд пэрыту къэрал бжыпэм тетщ. Дэ абыхэм дропагэ, дрогушхуэ, ди бынхэм щапхъэу къахудохь. Ноби Хэкум и хъумакIуэу дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди лъэпкъэгъухэм узыншэу къагъэзэжыну ди гуапэщ.

ГъащIэм куэд къыщохъу. Адыгэм и закъуэкъым нэщIэбжьэ зи нэгу щIэкIар. ГъащIэм хэпсэукIыфарщ, лъэ быдэкIэ гугъуехьым щхьэщыкIарщ нобэм къэсари, бэшэчхэмрэ лъэщхэмрэ дэри дащыщщ, дыщыпсэукIэ. Ди щыгъуэ махуэр къыддаIыгъ, дакъыгуроIуэ ди къуэш лъэпкъхэм. Дэтхэнэми фIыщIэ яхузощI!

Зэи щремыIэ зауэ, зэгурыIуэмрэ фIыгъуэмрэ ди унагъуэхэм иремыкI!

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Щыгъуэ-щIэжыр зэрекIуэкIынур

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 161-рэ зэрырикъум теухуа Iуэхугъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIынур республикэ унафэщIхэм ягъэбелджылащ. Лэжьыгъэр къызэрагъэпэщынущ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, къалэхэмрэ районхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм.

НАКЪЫГЪЭМ и 17-м щегъэжьауэ щIыналъэ, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм Щыгъуэ-щIэж махуэм хухэха зэIущIэхэр, зэхыхьэхэр ирагъэкIуэкI. Хабзэ зэрыхъуам тету, **накъыгъэм и 20** пщыхьэщхьэм «Си хэку, си уэрэд» адыгэ уэрэдыжьхэм я пшыхьыр щызэхашэнущ Псэ жыгым деж. Пшапэ зэхэуэгъуэм жыг лъабжьэм шэху уэздыгъэхэр щыпагъэнэнущ.

Накъыгъэм и 21-м сыхьэт 12-м Псэ жыгым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъынущ къулыкъущIэхэм, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэм, цIыхубэм, апхуэдэуи пэкIу щекIуэкIынущ, дыуэ щащIынущ.

Библиотекэхэри жыджэру къыхыхьащ мы Iуэхум, адыгэм и тхыдэм къыхэщыж напэкIуэцI шынагъуэхэм ятеухуа Iуэхугъуэхэр ягъэхьэзыращ. КъБР-м и Лъэпкъ музейм къыщызэIуахынущ коллекционер Жырыкъ Заур и гъэтIылъыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Ар теухуащ лъэпкъ тхыдэм къыхэщыж лIыхъужьхэмрэ дзэлIхэмрэ я гъащIэ гъуэгуанэмрэ IуэхущIафэхэмрэ.

Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм щагъэлъэгъуэнущ «БлэкIар тщыгъупщэ хъунукъым къэкIуэнум папщIэ» видеотеплъэгъуэр. Налшык къалэ администрацэм иригъэкIуэкIащ «Си щIыналъэм и блэкIар», «Хуитыныгъэр, лIыгъэр, щIыхьыр псом нэхъапэщ» тхыдэ гъэлъэгъуэныгъэхэр, «Щыгъуэ махуэр зыщумыгъэгъупщэ, си ныбжьэгъу, си щIэблэ» тхыдэ сыхьэтыр, нэгъуэщIхэри.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм этнологхэр, культурологхэр, жылагъуэ, дин лэжьакIуэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ школхэмрэ щезыгъаджэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зыхэта зэIущIэ иригъэкIуэкIащ адыгэм и блэкIар и гъуазэу пщэдейрей махуэр иухуэн зэрыхуейм теухуауэ.

Адыгэ редакцэхэми гъэ къэс я Iыхьэ халъхьэ ди лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мы Iуэхум. «Адыгэ псалъэ» (Къэбэрдей-Балъкъэр), «Адыгэ макъ» (Адыгей), «Черкес хэку» (Къэрэшей-Шэрджэс), «Жьынэпс» (Тырку) газетхэм зэгъусэу ягъэхьэзыра, Кавказ зауэжьым теухуа тхыгъэхэр зэрыт къыдэкIыгъуэ зэхэтыр нобэ дунейм къытехьащ. Ар зэрыщыту абы теухуащ. Апхуэдэуи щIыналъэ телевиденэхэмрэ радиохэмрэ щыгъуэ махуэм теухуа нэтынхэр щыIэнущ.

Дунейм щIэуэ къыздихь Iуэхугъуэхэр еужьэрэкIыу къащтэ щIалэгъуалэм. Мы махуэм епха зы флешмоби илъэс зыбжанэ хъуауэ интернетым щызокIуэ: илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэжьым хэкIуэда ди адэшхуэхэм яхуэщыгъуэу накъыгъэм и 21-м сыхьэт 12-м Iэ сэмэгур яIэтауэ зэрыт сурэтхэр интернет напэкIуэцIхэм кърахъхьэну щIалэгъуалэр зэгуроIуэ. Накъыгъэм и 21-р къызэрыблагъэу зауэжьыр уигу къэзыгъэкIыж дамыгъэхэр, теплъэгъуэхэр, сурэтхэр интернетым щызэIэпах. Iуэхум жыджэру хэтщ Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, Великобританием, США-м, Израилым, Канадэм, Абхъазым, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр.

ЩIыналъэхэм, къалэхэм, къуажэхэм дэт курыт еджапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, библиотекэхэм щыгъуэ махуэм теухуауэ дерсхэр, зэIущIэхэр, видеодерсхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэпсэлъэныгъэхэр, литературэ пшыхьхэр, «стIол хъурейхэр» щекIуэкIынущ мы махуэхэм. Iуащхьэмахуэ, Шэрэдж, Аруан, Шэджэм, Тэрч, Май, Прохладнэ, Лэскэн, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм, Налшык, Нарткъалэ, Бахъсэн, Прохладнэ къалэхэм къыщызэрагъэпэщыну дауэдапщэхэм ятеухуа хъыбархэр тетынущ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

ЩыIар тщымыгъупщэу, къэкIуэнум догупсыс

Накъыгъэм и 16-м Налшык щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм къызэригъэпэща зэIущIэ. Абы хэтахэр тепсэлъыхьащ Урыс-Кавказ зауэжьу илъэси 101-кIэ екIуэкIам и Iэужьым, щэнхабзэмрэ бзэмрэ нобэ я Iуэху зытетым, Адыгэм и щыгъуэ махуэр зэрегъэкIуэкIын хуей жыпхъэм, лъэпкъым къыхуэщхьэпэн лэжьыгъэу ди щIэныгъэлIхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я гуащIэ къихьым.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы кърихьэлIат КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ гупым хэтхэр, щIэныгъэлIхэр, нэхъыжьыфIхэр, журналистхэр.

- Псоми ди зэхуэдэ Iуэхуу илъэс къэс едгъэкIуэкI Щыгъуэ махуэм теухуащ мы зэIущIэр. Дызэрыщыгъуазэщи, накъыгъэм и 21-м ехьэлIа псалъэмакъ, зэгурымыIуэныгъэ куэд къыддокIуэкI лъэпкъым. Абыхэм дытепсэлъыхьу, дызэчэнджэщу хэкIыпIэ гуэр къэдгъуэтыну, лъэпкъым къытхуэщхьэпэн унафэ къызэдэтщтэну сыхуейт. Сыщогугъ абыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр къыддэIэпыкъуну, ди гупсысэр лъэпкъым бгъэдалъхьэну. БлэкIар тщымыгъупщэу, къэкIуэнум дегупсысу дыщытын щхьэкIэ, мы Iуэхум елэжь ди щIэныгъэлIхэр, лъэпкъым хуэпэж, адыгэм папщIэ зил узхэр къедгъэблэгъащ. Iуэхур къыддеIыгъ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. ИкIи ди нобэрей зэIущIэм абы и лIыкIуэу хэтщ Къуэшырокъуэ Залым. ДызэгурыIуэу, хабзэрэ нэмысрэ дгъэлъагъуэу етхьэкIын хуейщ Щыгъуэ махуэри, абы тепсэлъыхьыну нобэ къекIуэлIа псоми фIыщIэ фхузощI, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Япэу псалъэ зрата Къуэшырокъуэ Залым жиIащ Пятигорск къалэм щекIуэкIа зэIущIэшхуэм нобэ зэрыхэтар.

- Ди акъыл зэтехуэн зэрыхуейм шэч хэлъкъым. Пэжщ, нэхъапэхэм зэгурымыIуэныгъэ гуэрхэр щыIащ, ныкъуакъуэр куэдти. Ди блэкIар тщыгъупщэ хъунукъым, дауи, ауэ уи гум гужьгъэжь илъу упсэуным мыхьэнэ иIэкъым. Дызэраууштыжыну хэтащ мызэмытIэу. Апхуэдэхэм деж фIым дызэрыхуимышэнур зыщыдвмыгъэгъупщэ. Адыгэ Iуэхум ехьэлIауэ гуныкъуэгъуэ щыIэмэ, къулыкъущIэхэм ди бжэр сытым дежи зэIухащ, зэрытхузэфIэкIкIэ дывдэIэпыкъунущ. Адыгэ напэмрэ хабзэмрэ япэ идгъэщыну фыкъыхузоджэ. Щхьэж и Iуэху еплъыкIэр утыку кърихьэн щхьэкIэщ Хасэ щIызэхашэжри, Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэмрэ фIыщIэ фхузощI апхуэдэ Iэмал къызэрыдэфтам папщIэ, - жиIащ къулыкъущIэм.

ЩIэныгъэлI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщI, 2006 - 2009 гъэхэм ДАХ-м и тхьэмадэу щыта Дзэмыхь Къасболэт убгъуауэ тепсэлъыхьащ Урыс-Кавказ зауэжьым и Iэужьу адыгэ лъэпкъыр дунейм текъухьа зэрыхъуам, абы кърикIуам, нобэр къыздэсым хэхэсхэм я нэгу щIэкIым, зэлъэпкъэгъухэр зэрыгъуэтыжынымкIэ ДАХ-м илэжьам.

- Илъэс 34-р мащIэ дыдэщ тхыдэр зэрыбжэ лъэхъэнэхэм елъытауэ, ауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм илэжьам тепщIыхьмэ, ар зэманышхуэщ, къаруушхуэщ. ДызэрыщыгъуазэщI, илъэси 101-кIэ екIуэкIа зауэжьым адыгэ лъэпкъым и лъэр щIиудат, и куцIым хыхьат. Апхуэдэ лей адыгэм къыщытехьэм, бийр и хуитыныгъэм, и нэм къыщеIэм, дауи, зауэлI лъэпкъыу къигъэщIати, Iэщэр IэщIэлърэ зыщымысхьыжу зэуащ. ХэкIуэдам, уз зэрыцIалэхэм яхьам, хым щIилъэфам я бжыгъэр къыпхуэмыхутэну куэдщ. Къыщыхута къэралыгъуэми хуабжьу гугъу щехьащ ахэр: хуиттэкъым я бзэмкIэ псэлъэну, я унагъуэцIэхэмкIэ зрагъэтхыну, я бынхэм адыгэцIэ фIащыну. Щыхупэм щхьэщытт ди хабзэр, бзэр, щэнхабзэр. Ауэ, адыгэм зихъумэжыну хущIэкъурт, зэрыIыгъти, щыпсэу къэралыгъуэхэм, щIыналъэхэм хасэ къыщызэрагъэпэщу щIадзащ. Дауэ хъуами, хэхэс адыгэхэм нобэм къахьэсащ ди хабзэри, фащэри, щэнри, бзэри, тхыдэри. Лъэпкъыр дызэрыгъуэтыжа нэужь, тхылъхэр, газетхэр, журналхэр зэIэпытхыу, адыгэр щыпсэу щIыналъэхэмрэ къэралыгъуэхэмрэ я лIыкIуэхэр дунейпсо зэIущIэхэм щызэхыхьэу щIадзащ. Дунейпсо Адыгэ хасэр къэунэхуа нэужьи абы нэхъри зиужьащ, адыгэ лъэпкъыр зэрыгъуэтыжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. Абы и закъуэкъым: Абхъаз зауэр къыщыхъеям, ЮНЕСКО-м, ООН-м, къинэмыщI зэгухьэныгъэхэм тхащ, щылъэIуащ. Нобэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызыхуигъэщIар - адыгэу щыIэр зригъэуIунырщ, ахэр щызэхуэсыж утыку нэхъыщхьэу щытынырщ, - къыхигъэщащ Дзэмыхьым.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

ИстамбылакIуэ

Уой си адэжь пщIантIэ гущэм
Шыгур щызэщIащIэ,
Си гущIэм къыщIитхъыурэ
Хэкур сагъэбгынэ...
Уой уо-уо-уо, Истамбылым
дашэ мыгъуэри уоой...

Уой Истамбыл гъуэгущэри
Уэ уи нэшэкъаши,
Си къашэну дахэри
Жылэм къыдэзнауэ…
Уой уо-уо-уо, Истамбылым
дашэ мыгъуэри уоой…

Уо си шыпхъу нэхъыщIэ
гущэри
Зэрыщхьэц барини,
Ди деж зэрыбынурэ
Сэ къыскIэрыщIауэ…
Уо-уо-уо-уо, Истамбылым
дашэ мыгъуэри уоой…

Адыгэжь бэракъ гущэри
Уей жьыбгъэм зэрехьэ.
Ди деж я хъыбархэри
Хэт дэ къытхуихьыну?..
Уо-уо-уо, Истамбылым
дашэ мыгъуэри уоой…

ЩыIар тщымыгъупщэу, къэкIуэнум догупсыс

КъБР

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

ЩIэблэм и анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ IэщIэмыхун, лъэпкъым зихъумэжын папщIэ, курыт еджапIэм щIэсхэм адыгэ тхыдэр, географиер, IуэрыIуатэр кууэ егъэджын, егъэджэныгъэм и политикэм зегъэхъуэжын зэрыхуейм тепсэлъыхьащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м ЕгъэджакIуэхэм я IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ зэпымыууэ щыхагъахъуэ и центрым и унафэщI Къэжэр Артур.

- Адыгэм и тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм, IуэрыIуатэм теухуауэ къытхуэщхьэпэну куэд хэлъщ дэфтэрхэм. Ахэр ди щIэныгъэлIхэм къызэратIэщIыжынымрэ лъэпкъым зэрегъэщIэнымрэщ ди къалэн нэхъыщхьэри, тхузэфIэкI къэдмыгъанэу долажьэ. Ауэ а тхылъхэми щIэныгъэ журналхэм къытредгъадзэ тхыгъэхэми щIэныгъэлIхэр, ар зыфIэгъэщIэгъуэн журналистхэр мыхъумэ, лъэпкъыр къыщIэупщIэркъым. КъищынэмыщIауэ, а тхылъхэр дунейм къытехьэнымкIэ къэралыр зыкIи щIэгъэкъуэн къытхуэхъуркъыми, бжыгъэкIэ мащIэ дыдэу фIэкIа къытхудэгъэкIыркъым. Ди тхыдэр къизытхыкIыжхэр, зэзыхъуэкIхэр, тIэщIэзыххэри мащIэкъым. А псори гулъытэншэу къонэ. Сыхуейт КъБР-м и Правительствэр мы IуэхумкIэ щIэгъэкъуэн къытхуэхъуну, - жиIащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къущхьэбий Анзор.

Адыгэбзэр щыхупIэ щIыщхьэщыувам и щхьэусыгъуэр къигъэнахуэу къэпсэлъащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м и лэжьакIуэ, адыгэ кафедрэм и унафэщI Къардэн Мусэдин. Абы зэрыжиIамкIэ, анэдэлъхубзэм хуеджэну, егъэджакIуэу курыт еджапIэхэм щылэжьэну гупыж зыщIыбжьыщIэхэм я бжыгъэм кIэрыхуащ.

- Курыт еджапIэ зыбжанэм я унафэщIхэр илъэс къэс мэлъаIуэ адыгэбзэмкIэ, урысыбзэмкIэ, балъкъэрыбзэмкIэ егъэджакIуэ яхуэдгъэкIуэну. Уеблэмэ иджыри къамыухами ядэ, апхуэдизкIэ къегъэгузавэри. КIэщIу жыпIэмэ, университетым щеджэни курыт еджапIэм щезыгъэджэни диIэкъым, тхурикъуркъым. Абы къыхэкIыу, щIыпIэ, къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэм захуэзгъэзэну сыхуейт илъэс къэс цIыхуитI нэхъ мыхъуми филологие къудамэм къагъэкIуэну, ахэр еджэхукIэ мылъкукIэ зыкъыщIагъэкъуэну, еджапIэр къауха нэужь яшэжу, лэжьапIэ ягъэувыну, - жиIащ Къардэным.

Зэ Iуплъэгъуэкlэ лъэпкъ Iуэху дэхуэхауэ къыпщыхъум гугъэ нэху хуигъэщIыжу зэIущIэм къыщыпсэлъащ РАН-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ институтым и лIыкIуэ Зыгъэзэж Оксанэ. Ар тепсэлъыхьащ адыгэбзэр езыр-езыру зэрадж Iэмалу ягъэхьэзырамрэ, абы папщIэ къызэщIакъуа видеодерсхэмрэ теплъэгъуэхэмрэ. Зыгъэзэжым зэрыжиIамкIэ, а Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ адыгэбзэр зрагъэщIэфынущ сабийми балигъми.

Мы махуэхэм лъэпкъым къыпэщылъ Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ, хабзэ дахэрэ шыIэныгъэрэ хэлъу ахэр егъэкIуэкIын зэрыхуейм тепсэлъыхьащ ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ район зыбжанэм къикIа нэхъыжьыфIхэмрэ.

Зэпсэлъэныгъэм къыщаIэта Iуэхугъуэхэм, накъыгъэм и 16 - 21-хэм къриубыдэу республикэм щекIуэкIыну зэIущIэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм, пэкIум теухуауэ унафэ зыбжанэ къащтащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Убыххэм я кIуэдыкIар

Убыххэм я Хэкур зэрафIэкIуэдам теухуауэ 1974 гъэм къыдэкIауэ щыта «ЖылакIэ» тхыдэ романыр (Шинкубэ Бэгърат и IэдакъэщIэкIыр) нобэр къыздэсым тхылъ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщщ. Псом хуэмыдэу ар щхьэпэу къалъытэ хы ФIыцIэ Iуфэм зауэр зэрыщекIуэкIа щIыкIэр джынымкIэ. Лэжьыгъэр зэрытхам теухуауэ Iуэхугъуэибл къыхагъэщхьэхукIри, ахэр мы тхыгъэм къыщытхьынщ.

УБЫХХЭР адыгэ-абхъаз лъэпкъхэм ящыщщ, 1864 гъэ пщIондэ Сочэ аузым и Iэгъуэблагъэм щыпсэуауэ. Лъэпкъым я зэкъуэтыныгъэмрэ дзэ Iуэхухэр зэгъусэу IэкIуэлъакIуэу яубзыхуу зэрыщытамрэ я фIыгъэкIэ, убыххэр адрейхэм елъытауэ нэхъыбэрэ Урысей пащтыхьыгъуэм пэщIэтыфат. АрщхьэкIэ 1864 гъэм къыпагъэувыпащ - е Урысейм и унафэм щIэту Псыжь тафэм Iэпхъуэну, е я щIыпIэр ябгынэу Тыркум кIуэну. Пщыхэм етIуанэр нэхъ яфIэкъабыл хъури, лъэпкъыр ирашащ. Сочэ псыхъуэр илъэс пщIы бжыгъэкIэ нэщIащ абы иужькIэ. Тыркум Iэпхъуахэм къыпаубыдащ я щэнхабзэ ямыгъэлъэгъуэну, я анэдэлъхубзэкIэ мыпсэлъэну. А псом лъэпкъым насыпыншагъэ къыхуихьащ, иужьрей дыдэу зи анэдэлъхубзэр зыIурылъа Эсенч Тевфики 1992 гъэм дунейм ехыжащ. Абы и цIэр дуней псом зэрыщыIуар къэрал зыбжанэм я бзэщIэныгъэлI цIэрыIуэхэм я фIыгъэщ. Эсенч Тевфик илъэс пщIы бжыгъэкIэ абыхэм ядэлэжьащ убыххэм я бзэ кIуэдыжар джынымрэ хъумэнымрэ теухуауэ.

ТхылъымкIэ къэдгъэзэжмэ, ар къызэрыдагъэкIар лъэбакъуэшхуэт. Къэбгъэлъагъуэмэ, убыххэм ятеухуа Iуэхухэр а зэманым СССР-м щащIэжыххэтэкъым (хамэ къэрал щIэныгъэлIхэм ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм мащIэт щыгъуазэр). Абы къыхэкIыу, тхыгъэр куэдым я гум илъыр наIуэрэ IупщIу къэзыIуэтэж хъуащ.

Сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэр къыхагъэбелджылыкIрэ Шинкубэ Бэгъратрэ абы и «ЖылакIэ» тхылъымрэ теухуауэ?!

Япэу къагъэлъагъуэр Шинкубэ Бэгърат Василий и къуэр зэфIэкI ин зыбгъэдэлъа бзэщIэныгъэлIыу зэрыщытарщ. Усыгъэмрэ прозэ тхынымрэ дихьэхауэ зэман кIыхькIэ къекIуэкIащ, ауэ Iуэхум иужь щихьар балигъ ныбжьырт. Псалъэм папщIэ, «ЖылакIэр» дунейм къыщытехьам Бэгърат илъэс 57-рэ хъуагъэххэт. Абы абхъаз-адыгэ бзэ гупхэр иджырт, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатт. Ауэ ар и щIэныгъэми щхьэпрыкIыжри, тхакIуэшхуэу зыкъигъэлъэгъуащ и «ЖылакIэ» тхыгъэмкIэ.

ЕтIуанэ Iуэхугъуэу къыхагъэщ Шинкубэ Бэгърат убыххэм ящыщу зэрыщымытар, а лъэпкъым теухуа хъыбархэр иужькIэ къищIауэ зэрыарар. Ар езыр абхъазхэм къахэкIат, убых лъэпкъым я тхыдэм щыдихьэхар щеджа илъэсхэрщ. Езым мыпхуэдэу жиIэгъащ: «Аспирантурэм сыщыщIэсым, Ищхъэрэ-КъухьэпIэ Кавказым щызекIуэ бзэхэр зджыуэ, япэ дыдэу зэхэсхауэ аращ убыхыбзэм, щымыIэжу къалъытэ лъэпкъым я бзэм, и Iуэхур. Абдеж щыщIэдзауэ убыххэм я бзэмрэ я тхыдэмрэ теухуа хъыбархэр зэхуэсхьэсу сыхуежьащ. Норвегием щыщ щIэныгъэлI Фогт и зы тхыгъэ къысIэрыхьат, убыхыбзэм ирипсалъэу цIыху 16 фIэкIа щымыIэжу, абыхэми я ныбжьыр зэрыхэкIуэтар къыщигъэлъагъуэу. А хъыбарыр си гум щIыхьат. Аращ лъабжьэ хуэхъуар «ЖылакIэ» тхылъыр стхыным».

Ещанэ Iуэхугъуэр зытеухуар совет зэманым печатым къытехуэхэм ткIийуэ кIэлъыплъу зэрыщытарщ. Тхыгъэм и ныкъусаныгъэ нэхъыщхьэр цIыхухэм зыхуахьыр абы убыхыпщхэм я пщIэр игъэулъийуэ къызэралъытэрщ. Романым ахэр къыщокIуэ щхьэхуэфIу, я фейдэ къызэрикIынум къищынэмыщIа, цIыхубэм я къэкIуэнум емыгупсысу. Ауэ апхуэдэ «лIыхъужьхэр» къэгъэщIыныр къызыхэкIауэ къалъытэр, арыншэу романыр цензурэм зэрыпхамыгъэкIынурт. Ахэр лъэпкъым я «лъыиф» хъун хуейт.

ЕплIанэ Iуэхугъуэр зыхуэгъэзар Бытхьэщ - абы теухуауэ тхакIуэм езым къигупсыса хъыбарыр тхыгъэм зэрыхиухуэнарщ. Романым узыIэпызышэу къыщыкIуэ Iуэхугъуэхэм, шэч хэмылъу, ящыщщ убыххэм тхьэ пэлъытэ хуэдэу яIауэ абы къигъэлъэгъуа Бытхьэ теухуар. Абы и фэеплъхэр дыщэм къыхэщIыкIауэ лъагэу бгым (иджырей Сочэ къалэм и Iэгъуэблагъэм) тетауэ тхакIуэм къегъэлъагъуэ. Тхыгъэм къызэрыщыкIуэмкIэ, убыххэм зыхуагъэщхьырт бгъэ теплъэ зиIэ ухуэныгъэм (языныкъуэм жьынду хуэдэу къагъэлъагъуэм). Лъэпкъыр Тыркум ягъэIэпхъуэну къыщыщIэкIым, убыххэм фэеплъ нэхъ цIыкIур кхъухьым иралъхьэри здрашащ, нэхъ иныр якъутэри, щIым щIатIащ, мывэхэр тратхъуэжащ. А теплъэгъуэм апхуэдизкIэ Шинкубэ Бэгърат и щIэджыкIакIуэхэр иригъэтхьэкъуати, Бытхьэ щыIауэ я фIэщ ящIыжауэ, Абхъазым мажусий диныр къыщыгъэщIэрэщIэжыным хуэкIуами ярейт. ЛъыхъуакIуэхэрати, хъугъуэфIыгъуэр «къатIэщIыжыным» иужь ихьат. АрщхьэкIэ ипэжыпIэращи, убыххэм Бытхьэр яIауэ зы тхыгъи тхылъымпIи щыхьэт техъуэу щыIэкъым, хъыбару къекIуэкI фIэкIа.

Етхуанэу. Тхылъым и лIыхъужь нэхъыщхьэр Эсенч Тевфиккъым жаIэ. Зэтемыхуэныгъэхэм я щхьэусыгъуэр убыхыбзэр иужь дыдэу зыIурылъа Эсенч Тевфик «иужьрейуэ икIауэ» фIащыныр тхыгъэм и цIэращ къызыхэкIар. Шинкубэ Бэгърат къыхигъэщауэ щытащ романым и лIыхъужь нэхъыщхьэр Эсенч Тевфик уигу къэзыгъэкI къудейуэ зэрыарар, езым теухуауэ зыри тхылъым къызэрыщимыгъэлъэгъуар (къигъэлъэгъуэнкIи Iэмал иIакъым - Эсенч Тевфик къыщалъхуар зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм я ужькIэ илъэс 68-рэ дэкIа нэужьт).

Еханэу. Убых лъэпкъыр кIуэдакъым икIи бзэхакъым. Ахэр щыIэщ, ауэ я бзэр яIэщIэхуащ. Абыхэм къащIэхъуахэм къащтащ абхъазыбзэр, адыгэбзэр е щыпсэуну къахуиуха къэралхэм я бзэхэр. Ауэ нобэми убых лъэпкъым я фэеплъыр, я лъабжьэр куэдым ящIэж. Псалъэм папщIэ, Тыркум и Мрамор тенджыз Iуфэм щыс къуажэ зыбжанэм убыххэр дэсу жаIэ, къызыхэкIар ящIэжу. Абыхэм яхэтщ убыхыпщ Бэрзэджхэ къатепщIыкIыжахэри. Апхуэдэ щапхъэхэр щыIэщ Сочэ и Лазаревскэ районым хыхьэ Хьэжыкъуэ (Хаджуко) къуажэм, Адыгейм я жылэ зыбжанэм, Абхъазым. Убыхыбзэр зэфIэгъэувэжыным елэжь гупи мы зэманым щыIэщ. Уеблэмэ Абхъаз къэрал университетым ар щрагъэдж дерсхэр къыщызэIуахащ. Мыбдеж къыхэдгъэщыну ди гуапэт иджыблагъэ зы уэрэд, убыхыбзэр и лъабжьэу, утыку кызэрырахьари. «Пырын» («дахэ», «телъыджэ») - аращ абы зэреджэр. Уэрэдыр ятхащ Уардан Эрастрэ Бакъ Иналрэ, композиторыр - Темыркъан Залымджэрийрэ ТеуныкI Альбертрэщ. Уэрэдыр егъэзащIэ абхъаз уэрэджыIакIуэ Пкин Сабринэ.

Ебланэ Iуэхугъуэ. Шинкубэ Бэгърат и адэжьхэри мухьэжыр хъуахэм ящыщщ (Тыркум ягъэIэпхъуат). Абы теухуауэ езым итхыжащ: «1878 гъэм ещанэу къэхъуа мухьэжыр гъуэгуанэм хэхуащ си адэшхуэри - Тыркум ирашат, ауэ абы щалъхуа и къуажэм къигъэзэжат, унэ 13 фIэкIа дэмытыжу». Абы зи гугъу ищIар урыс-тырку зауэм (1877 – 1878 гъэхэм) и зэманым зыкъаIэта нэужь, абхъазхэр щрагъэIэпхъукIарат. Абхъазхэм я насып нэхъ къикIат, адыгэхэм 1864 гъэм я натIэ хъуам елъытауэ - иужьрейхэр а зэманым къэгъазэ ямыIэут зэрырагъэкIар.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Тхыдэм, псом хуэмыдэжу адыгэхэм ди къекIуэкIыкIам, хуэнэхъуеиншэу зыщызыгъэгъуазэ сэ къызгурыIуэртэкъым ди лъабжьэгъу, бзэкIи щIыналъэкIи ди гъунэгъу лъэпкъыр – убыххэр - Кавказ зауэр щекIуэкIа иужьрей илъэсхэм шынагъуэрыхьу я хэгъэгум къафIихьэ пащтыхьыдзэм я къару къызэрихькIэ щIапэщIэмыувар.

Щхьэхуитыныгъэт я плъапIэр

Тхыдэ

А УПЩIЭМ и жэуапым, я нэхъ мащIэрауэ, дезышалIэщ этнограф, тхыдэдж цIэрыIуэ Лавров Леонид и тхыгъэшхуэу илъэс бжыгъэ ипэкIэ Интернетым и напэкIуэцIхэм дызыщыхуэзауэ щытар. Абы къыхэтхыжахэм ящыщщ мыбдежым къыщытхьынури.

1859 гъэм и кIэхэм ирихьэлIэу Кавказ псом щхьэхуиту къыщызэтенэжар адыгэ-абазэ лъэпкъхэм ящыщу шапсыгъхэр, натхъуэджхэр, убыххэмрэ къущхьэщIыб абазэ лIакъуэхэм хабжэ асадзуа (садз) жыхуаIэмрэ я закъуэт. Абазэххэри ящыщт щхьэхуиту иджыри псэухэм, илъэс 11-кIэ яхэта Мухьэмэд-Амин нэIибыр щахэкIыжым (къэзыгъэкIуа Щэмел зита иужь) урыс пащтыхьым зэрыхуэпэжымкIэ псалъэ иратын хуей хъуами. КъедбжэкIа лъэпкъхэм псори зэхэту щIыналъэу яIыгъыжыр мащIэ дыдэт, нэхъапэхэм Кавказ Ищхъэрэм къызэрыщекIуэкIам елъытауэ. Щхьэхуиту къэна бгырысхэр щытыкIэ гугъу дыдэт зрагъэувар.

Кавказ армэм Iыхьэ-Iыхьэурэ къизэу щIыгум зыщагъэбыдэн папщIэ, дзэпщхэм яхузэфIэкI къагъэнэртэкъым: здынэсым, бгырыс къуажэхэр щызэтрагъасхьэрти, станицэхэмрэ быдапIэхэмрэ щаухуэрт, гъуэгущIэхэр щыпхашырт,

А псоми щыгъуазэ убыххэм Тыркум къулыкъушхуэ щызыIыгъ я «цIыхугъэм» хуатхырт, а къэралым и правительствэр Европэм и пащхьэ къащыщхьэщыжу, Кавказым хы ФIыцIэм егъэщIылIа и щIыгур щхьэхуиту зэрыщытымкIэ унафэ къыщрагъэщтэфын я гугъэу.

ГущIыхьэщ, ауэ мыри жыIэн хуейщ. А илъэсым убыххэр, я нэхъ мащIэрауэ, лъэныкъуитI зэрищIыкIат.

Зы лъэныкъуэкIэ, лIакъуэлIэшхэм Iэ щIадзын хуей хъурт лъэпкъым къыбгъэдэкIыу Тыркум хуагъэхь лъэIу тхыгъэхэм. Абы къыдэкIуэуи, Урысей къэралыгъуэм Кавказым щиIыгъ и унафэщIхэми зыIуагъащIэрт, «зэрахуэпэжым» щыхьэт зэрытехъуэр ирагъэлъагъуу.

Пащтыхь дзэпщхэм, Кавказым къуэкIыпIэмкIэ щыIэ и лъэныкъуэр (Дагъыстэнымрэ Шэшэнымрэ) къагъэIурыщIа иужь, КъухьэпIэри и кIэм нэс къызэразэуным нэхъри нэхъ ерыщыжу яужь ихьащ.

А мурадыр нэхъ псынщIэу зрагъэхъулIэн папщIэ, 1860 гъэм урыс дзэпщхэм Дагъыстэнымрэ ШэшэнымкIэ кърашыжри, Псыжь адрыщIкIэ щызэхуашэсат лъэсыдзэ батальону 70, къэзакъ полкыу 20-м нызэрыхьэс, драгун дивизион псо, топ зэмылIэужьыгъуэу 100-м щIигъу. Зэрынэрылъагъущи, ар къару иныщэт!

АрщхьэкIэ, помещик ухуэкIэ зиIэ Урысейр а Iуэхум зэрыбгъэдыхьэр пIейтеиныгъэ ин хэлъут. Абы щыхьэт уритехъуэн папщIэ, ирикъунщ пащтыхьым иригъэкIуэкI зауэм и телъхьэ тхыдэтх Скорятиным езым и IупэфIэгъухэм ящыщ зым хуитхыгъауэ щыта тхылъымпIэ кIапэ тIэкIум фIэкIа дыкъемыджэми. Тхьэгурымагъуэ щIагъуэ зыкъыщыхъужауэ, абы итхырт КъухьэпIэ Кавказым и хы ФIыцIэ Iуфэм Iут бгылъэмэзылъэхэм щхьэхуитыныгъэр зи «тхьэу» къыщызэтена бгырысхэм, псом хуэмыдэжу, убыххэм, зыкъамытын папщIэ, къызэрыгуэкI цIыхухэм яхузэфIэмыкIын ерыщагъ ин дыдэ къызыкъуахынкIэ хъуну, уеблэмэ абыхэм я деж Щэмел (Шамиль) етIуанэ къыщыунэхунри зыхуэIуа щымыIэу.

А тхыгъэм хуэдгъэдэну, Урысей пащтыхь администрацэм и Iэщхьэтету Кавказым а лъэхъэнэм щыIа джыназ Барятинский Александр, бгырыс щхьэхуитхэр и кIэм нэсу къэгъэIурыщIэным иужь ихьэн ипэ, къэралым дзэ IуэхухэмкIэ и министр, генерал-адъютант Сухазонет Николай мыпхуэдэу зыхуигъэзат:

«Ди жыIэ къыщIэмыуващ иджыри къэнащ зауэшы лъэпкъхэм ящыщу зи бжыгъэкIэ иджыри куэд шапсыгъхэмрэ убыххэмрэ. Ахэр нэгъуэщIым и бжьы зэи щIэтакъым, къэрал ухуэкIуэ-зэхэтыкIэми пэIэщIэщ, зауэм къишэ тхьэмыщкIагъэхэри и кIэм нэс ягъэунэхуакъым. А лъэпкъхэрщ къэдгъэIурыщIэн хуейуэ дэ иджыри къытпэщылъыр, Кавказым и къэзэуныр къэдухын папщIэ.

Шынэм и нэр къопкI! - псэлъафэракъэ мыбы уигу къигъэкIыжыр. Щхьэхуиту бгым ис бгырысхэм иджыри къаруушхуэ къабгъэдэна хуэдэу къащыхъурт, дзэлI зэщIэузэдауэ мин 200-м нэблагъи къагъэувыфыну. АрщхьэкIэ, апхуэдиз къару абыхэм, дауи, ябгъэдэлъыжтэкъым.

Урыс дзэпщхэм, зауэм и иужьрей илъэсхэм зыщащIыжа «пщэрылъым» ипкъ иткIэ, къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэу ячын хуейр бгырысхэм ищхъэрэкIэ (ПсыжькIэ) къащебгъэрыкIуэнырт, абы папщIэкIи, зыIэщIалъхьэ щIыгум и зы дэтхэнэ кIапэми зыщагъэбыдэнырт.

Хы лъэныкъуэмкIэ теуэ Iуэхухэр мызэкIэ зэрыщрамыгъэкIуэкIыфынум теухуауэ Барятинскэм Урысейм дзэ IуэхухэмкIэ и министрым хуитхари гъэщIэгъуэнщ:

«Зыкъэдумысыжынщи, мы лъэхъэнэм кхъухьхэр зэрыдимащIэм къыхэкIыу, бгырысхэм псыIумкIэ дакъыщебгъэрыкIуэным мызэкIэ яужь димыхьэмэ нэхъыфIщ. А лъэныкъуэм дылъэIэсын ипэ, дызыпылъын хуейуэ къэслъытэр Псыжь адрыщIкIэ лъабжьэ быдэ щытщIа иужь, бгыхэми дащхьэдэхыу, хы IуфэмкIи зыщыдгъэзэнырщ.

Бгырысхэм гузэвэгъуэр тIуащIэу къазэрыкIэщIэзэрыхьар псэкIэ зыхэзыщIа убыххэмрэ асадзхэмрэ (садзхэмрэ) я тхьэмадэхэм, цIыхубэм зыкърамыгъащIэу, пащтыхьыдзэм Абхъазым щаIэ Гагры быдапIэм деж 1860 гъэм и щIышылэм Куржым (Грузием) и Кутаиси къалэм и генерал-губернатор Эристовым аргуэру щахуозэ.

Бгырыс лIакъуэлIэшхэм ящыщу а зэIущIэм екIуэлIа цIыху 300-м (!) нэблагъэм яхэтащ Урыс-Кавказ зауэм и иужьрей илъэсхэм зи цIэр куэдрэ зэхаха Бэрзэдж Дэгумыкъуэ и къуэ Джырандыкъуэ-хьэжырэ садзхэм (хыIуфэрыс абазэхэм) я тхьэмадэ Гъэчбэ (Геч, КIэш) Рашидрэ.

Барятинскэм и псалъэкIэ къыжытIэнщи, «зыкъатынымкIэ яхуэдгъэлъэгъуам тхьэмадэхэр гупсэхуу едаIуэри, мазэ нэхъ дамыгъэкIыу жэуап къыдатыжынуи дыкъагъэгугъащ».

Зи тхыгъэм дриплъэж тхыдэджым (Лавров Леонид) къызэрыхигъэщауэ, мыбдежым Барятинскэм зыпэплъэн хуейуэ зи гугъу щищIар езы лIакъуэлIэшхэм я жэуапыратэкъым (ахэр, арыншауи, арэзы хуэдэт), атIэ, а Iуэхум лъхукъуэлIыбэр къешэлIа зэрыхъунырт.

УбыхпсоризэдэIуэжукъэзылъытэу Кавказ армэм и штаб нэхъыщхьэм щIэсхэм, ахэр къыдахьэхыу я щIыналъэр Урысейм щIэх зэрыIэщIалъхьэнымкIэ лэжьыпхъэхэр зэрызэкIэлъыкIуэу къыщратхэкIа дэфтэрыр ягъэхьэзыракIэт.

Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, убыххэм, къурIэн лъапIэм теIэбэурэ, тхьэ яIуэн хуейт пащтыхь правительствэм и IэмыщIэ зэрызыралъхьэмкIэ; къинэмыщIауэ, урыс дзэлIхэм ящыщу я деж зыщызыгъэпщкIухэмрэ гъэру щаIыгъхэмрэ къратыжынут; зи щхьэхуитыныгъэм адэкIи щIэзэу бгырысхэм афIэкIа ядэIэпыкъунутэкъым; пащтыхь правительствэм къахуигъэув унафэщIхэм я жыIэ щIэувэнут; я щIыналъэм быдапIэхэр щызыухуэхэм, мэзхэр щизупщIыкIыу гъуэгухэр щыпхызышхэм зэран яхуэхъу хъунутэкъым.

Хьэлэбэлыкъ къыхамыгъэкIыу, къыхуагъэувар «езым я фIэфIыныгъэкIэ» къызэращтэм пэкIуэу, правительствэм убыххэр къигъэгугъэрт: ислъам диныр хуиту зэрырагъэхьэнымкIэ; шэрихьэтыр я тегъэщIапIэу хеящIэ Iуэхухэр (къэралым епцIыж-пэувхэр хэмыту) зэрызэфIахыфынумкIэ; псом нэхъыщхьэжращи (дэ гу зэрылъыттауэ), щхьэж зытес щIыр зэрейм щыхьэт техъуэ тхылъхэр зэрыратынумкIэ; хы Iуфэм и языныкъуэ щIыпIэхэм сату щрагъэкIуэкIыфынымкIэ...

АрщхьэкIэ, Асадзуа, Убых хэгъэгухэм ис лъхукъуэлIыбэ-цIыхубэм, я тхьэмадэхэр Эристовым зэрыIущIам и хъыбарыр зэрызэхахыу, зыкъаIэтри, я тепщэхэр ягъэкъуаншэу щIадзащ. Абыхэм Хьэжы-Джырандыкъуэрэ адрей абы и къуэдзэхэмрэ, къехьэкI-нехьэкI хэмыту, епцIыжакIуэу ягъэуващ, лъэпкъ псом я цIэкIэ, хуит зэрамыщIауэ, урысхэм зэрепсэлъам щхьэкIэ.

Нэхъри цIыхубэр къыщызэщIэплъар Истамбыл щыIэ убых дипломатым, Дзэпщ Бэрэкъей и къуэ Измэил-бей, къыбгъэдэкIыу тхыгъэ къаIэрыхьа иужькIэщ. Абы къитхырт Инджылызымрэ Тыркумрэ Урысейм щIэрыщIэу зауэ иращIылIэну зэрызагъэхьэзырыр, абы къыхэкIыуи убыххэр къыхураджэрт пащтыхьыдзэхэм япимыкIуэтыну.

Хьэжы-Джырандыкъуэ, зэ еплъыгъуэкIэ, хуэзэфIэкIа хуэдэт цIыхубэм я пащхьэ зыщигъэзэхуэжу щиIа пщIэр щызэфIигъэувэжыну. КъыщехъулIари къыщIехъулIари, урысхэм епсалъэкIэрэ, пащтыхьыдзэхэр, нэгъуэщI мыхъуми, пIалъэ гуэркIэ, къатримыгъэуэну зэрыпылъар и лъэпкъэгъухэм яжриIа иужькIэщ.

Езы убых цIыхубэм, урыс дзэпщхэм я жыIэ щIэувэн дэнэ къэна, нэхъри зыкъызэщIаIэтэри, зи щхьэхуитыныгъэр зыхъумэжу КъухьэпIэ Кавказым къыщызэтена я лъабжьэгъу-гъунэгъухэм нэхъ ерыщыжу ядэзэуэн щIадзэжащ...

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Бзэр зэрытхъумэн Iэмалхэм къахохъуэ

Лъэпкъ узыншэм и нэщэнэщ щIэблэ дахэр, хэлъэт зиIэ, зи тхыдэм ириплъэж, лъэпкъ Iуэху зезыхуэ щIалэгъуалэр. Апхуэдэ щIалэгъуалэм уагъэгугъэ къэкIуэну дахэкIэ, уагъэгушхуэ зэфIэкIхэмкIэ. Нобэ ди лIыхъужьыр абыкIэ щапхъэщ. Адыгэ лъэпкъым и шыфэлIыфэр, и гупсысэкIэ-дуней тетыкIэр, и IуэхущIафэхэр тхыдэм къыхигъэбелджылыкIыурэ, ди зэманым екIуу кърепх. АбыкIэ сэбэп мэхъу и щIэныгъэр, и гурыхуагъэр, езыр зэманым зэрыдекIур. Нэхъыщхьэжращи, ар адыгэпсэщ. Къунаш Анзор и цIэр куэдрэ щызэхыдох интернетнапэкIуэцIхэм. Иджырей технологиехэм я Iэмалыр къигъэсэбэпурэ адыгэбзэр хъумэным, абы щIэблэм я гупэр хуегъэзэгъэзэным, бзэм и IэфIымрэ и купщIэмрэ къэгъэнэхуэным епхауэ IуэхуфIхэр елэжь. Ар IT–м йолэжь. Интернетым къыщызэригъэпэщащ «Zedzek» зыфIища адыгэбзэ псалъалъэр. Яндекс, Google интернет утыкушхуэхэм адыгэбзэр хегъэубыдэными и зэфIэкI хелъхьэ. Анзор и IуэхущIафэхэм теухуауэ упщIэ зыбжанэ еттащ.

- Анзор, узыхуеджамрэ уи лэжьыгъэмрэ я гугъу къытхуэщIыт.

- Москва авиацэмкIэ институтым и аэрокосмическэ къудамэм сыщеджащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэта нэужь, IT IэнатIэм сыщылэжьэн щIэздзащ. Мобильнэ IэмэпсымэхэмпапщIэ гуэдзэнхэр зэхызогъэувэ. Абы нэмыщI, сытым дежи сыдехьэх бзэхэр джыным, я щэхухэр къэхутэным. «Google Translat» интернет зэдзэкIакIуэм хуэдэ адыгэбзэкIэ зэхэзгъэувэныр куэд щIауэ си хъуэпсапIэт.

ИлъэситI ипэ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ егъэджэныгъэм, зэхэщIыкI IэрыщIым я Iэмалхэр куэд хъуа нэужь, мурад сщIащ урысыбзэр адыгэбзэм хуэзыгъакIуэ интернет зэдзэкIакIуэ къэзгупсысыну. Иджыри илъэсипщI ипэкIэ, апхуэдэ мурадыр зы цIыхум хуэгъэзэщIэну Iэмал щыIэтэкъым. Иджырей технологиехэр къэунэхури, зепщытыгъуафIэ хъуащ а Iуэхум.

- «Zedzek» Iуэхум дауэ ухуэкIуа?

- ЯпэщIыкIэ къэзгъэсэбэпыну тхыгъэхэр зэхуэсхьэсащ. Тхыгъэхэр нейронзэрыхьэм иджыфу езгъэсащ. Пэжым ухуеймэ, къэбгъэсэбэпыну тхыгъэхэм я куэдагъми я фIагъми елъытащ псалъэхэр зэрызэбдзэкIым и пэжагъ-фIагъыр. Нобэм къэс къызэрыдбжымкIэ, зэхуэтхьэсыну тхузэфIэкIащ интернет программэм едгъэдж тхыгъэ мин 350-рэ. Псалъэхэр зэдзэкIыным, зэдзэкIа хъуахэм хэплъэжыным теухуа лэжьыгъэм я фIэфIыныгъэкIэ цIыху куэди къыхыхьащ. Iуэхум папщIэ www.zedzek.com. сайт щхьэхуэр къызэзгъэпэщащ. Си гуапэ зэрыхъущи, махуэ къэс а сайтыр цIыхухэм къагъэсэбэп, куэдым я Iэдэжщ, яцIыху. Псалъэхэм я мыхьэнэм еплъым е щIэныгъэкIэ загъэунэхужым нэмыщI, абы къиихьэхэм Iэмали яIэщ абдеж щызэхуэхьэсахэм езыхэми халъхьэнIауэ - псалъэ зэдзэкIахэм я фIагъыр къапщытэфынущ, псалъэщIэхэри иратхэфынущ.

Псалъэхэмрэ тхыгъэхэмкIэ къулей хъуа нэужь, интернет зэдзэкIакIуэр егъэфIэкIуауэ къэдгъэщIэрэщIэжащ. Къэбэрдейм, Адыгейм щыIэ къэпсэлъыкIэхэр зэхэгъэщхьэхукIауэ къыщыбогъуэт. Урысыбзэр адыгэбзэкIэ зэбдзэкI къудей мыхъуу, иджы адыгэбзэр урысыбзэкIэ зэбдзэкIи мэхъу.

- Адыгэбзэ зэдзэкIакIуэм нэмыщI, нэгъуэщI Iуэхухэми яужь уитщ...

- Солэжь си сайтым щызэхуэсхьэсахэр Яндекс, Google технологие компаниехэм, нэгъуэщI гуэдзэнхэм хегъэубыдэным, адыгэбзэр абыхэм я зэдзэкIакIуэ сервисхэм хэгъэхьэным.

Псалъэхэр зэдзэкIыным нэмыщI, интернет моделхэр нэгъуэщI Iуэху лIэужьыгъуэхэми хузогъасэ. Апхуэдэщ ChatGPT бзэ моделыр, адыгэбзэм и макъхэр нэгъуэщIхэм къахэзыцIыхукI икIи къахэзыгъэбелджылыкI программэр, адыгэ Iуэхум хуэгъэпса сурэтхэр зэхэгъэувэныр, нэгъуэщIхэри. ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщыкI а Iуэхур зэуIу сщIын мурадкIэ къызэзгъэпэщащ adiga.ai платформэр. Иджырей технологиехэм я Iэмалхэм я фIыгъэкIэ ар сэбэп мэхъу адыгэбзэр, адыгэ щэнхабзэр, ди лъэпкъ тхыдэр хъумэнымкIэ.

adiga.ai платформэм и япэ проектщ «Нарт» чат - ботыр. «Нарт» сытым теухуауи уепсалъэ мэхъу адыгэбзэкIэ. ДяпэкIэ си мурадхэм ящыщщ ар и лъабжьэу узыгъэгъуазэурэ къопсалъэ интернет дэIэпыкъуэгъу къэзгъэщIыну. ДэIэпыкъуэгъур хуэдэнущ Яндексым и «Алисэм».

- Адыгэбзэм нобэ и щытыкIэр дауэ къыпщыхъурэ?

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ долъагъу дунейм тет бзэ куэдыр, ди адыгэбзэри абы яхэту, зэрыдэхуэхыр. Убыхыбзэм и щхьэ кърикIуам хуэдэ адыгэбзэм къылъэмыIэсын папщIэ, ар тхъумэнымрэ къедгъэлынымрэ хуэныкъуэщ. Иджырей технологиехэм егъэлеяуэ щIэхыу зэрызаужьым и фIыгъэкIэ, бзэр хъумэным теухуауэ щыIэ Iэмалхэри нэхъыбэ мэхъу. Нэхъыщхьэжращи, дэ тщыщ дэтхэнэми Iэмал иIэщ Iуэхум хэлъхьэныгъэ хуищIыну.

Адыгэбзэм теухуауэ сэри нэгъуэщIхэми тщIахэм куэд къызэрыхыхьэр, зэрыхэлэжьыхьыр, ар зэрафIэгъэщIэгъуэныр щыхьэт тохъуэ адыгэгу-адыгэпсэр, лъэпкъыбзэмрэ ди щэнхабзэмрэ зыхъумэну хуейхэр зэрымымащIэм. Си фIэщ мэхъу адыгэбзэр зэрытхуэхъумэнури зэрытхуэгъэлъэщэнури!

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Мы махуэхэм

Накъыгъэм и 20, *гъубж*

♦**1939 гъэм** «КъБР-м и цIыхубэ артист», «КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр ягъэуващ.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гугу Рашад**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЖьэкIэмыхъу Мусэбий**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэх Сэфарбий**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом адыгэбзэкIэ и нэтынхэм я редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Тэтрокъуэ Астемыр**.

♦**1974 гъэм** къалъхуащ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Абидокъуэ Люсанэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 – 22-рэ, жэщым градуси 10 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 21, *бэрэжьей*

♦**Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ**

♦**1864 гъэм** илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа Кавказ зауэр увыIащ.

♦**2004 гъэм** Налшык къалэм къыщызэIуахащ Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 22, *махуэку*

♦**1914 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм къахэкIауэ Тыркум щыпсэухэм ящыщ спортсмен, Европэм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион, 1948 гъэм екIуэкIа Олимп джэгухэм дыжьын медаль къыщызыхьа **Джандемыр (Гугъэв) Адыл**.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Озбек (Едыдж) Батырай**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI ИЗЭЩ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Адыгэм и хьэщIэ быдапIэ исщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Амщокъуэ ФатIимэт Къэралбий и пхъум хуогузавэ абы и анэ Амщокъуэ (Бэрсэдж) Евгение СэIэдулэ и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Шъыгъо-шIэжь мафэм исурэтхэр

Я XIX-рэ лIэшIэгъум щыIэгъэ Кавказ заом фэгъэхьыгъэ къэгъэлъэгъон Адыгэ Республикэм исурэт къэгъэлъэгъуапIэ къыщызэIуахыгъ. Адыгеим, исурэтышI IэпэIасэмэ яIэшIэгъи I00 фэдиз ащ хэхьагъ.

ИЛЪЭС къэс жъоныгъуакIэм и 2I-м, Кавказ заом хэкIодагъэхэм афэгъэхьыгъэ шъыгъо-шIэжь Мафэр Адыгеим щыхагъэунэфыкIы. Заом ыпкъ къикIыкIэ хьазабышхо зыщэчыгъэ адыгэхэм анахьыбэр IэкIыб къэралыгъохэм ащитэкъухьагъэхэ хъугъэ.

Сурэт къэгъэлъэгъуапIэм ипащэу, зэлъашIэрэ сурэтышIэу, архитекторэу Бырсыр Абдулахь ипэублэ гущыIэ къыщыхигъэщыгъ фондым къыхэхыгъэ сурэти I00 къызэрагъэлъагъорэр. СурэтышIхэу А. Къуанэм, Р. Хъуажъым, А. Бырсырым, Г.Паштэм, Т. Къатым, Ф. ПэтIыуащэм, нэмыкIхэм яIофшIагъэхэр мыщ хэхьагъэх. IофшIагъэхэу «Абгынэгъэ къуаджэр», «Зэо мэхъаджэр», «Нэмаз», «ЧIыгу хьаф», «Лъэпкъыр зэрэкощыжьыгъэр», «ЧIыгу Iэбжыб», «Хэкужъ лъэIуфагъ» зыфиIохэрэм ыкIи нэмыкI IэшIагъэхэм Кавказ заом ихьазаб къырагъэлъэгъукIы.

- Тэ, адыгэхэмкIэ, мы мафэм мэхьанэшхо иI. Тилъэпкъ инеущрэ мафэ зыфэдэщтым тигъэгумэкIызэ, Кавказ заом тхьамыкIагъоу къыздихьыгъэхэр къизыгъэлъэгъукIырэ сурэтхэр къэтэгъэлъагъох. Адыгеим исурэтышIхэм искусствэм ыбзэкIэ лъэпкъым хьазабэу ыщэчыгъэр къырагъэлъэгъукIыгъ, - къыIуагъ Бырсыр Абдулахь.

- БлэкIыгъэм идесэхэм тахаплъэзэ, нахь лъэшэу зэхэтэшIэ мамырныгъэмрэ зэгурыIоныгъэмрэ анахь лъапIэ зэрэщымыIэр. Адыгеим ис лъэпкъхэм ятарихъ шъхьэкIэфэныгъэ фашIэу, зэгурыIоныгъэ азыфагу илъэу зэрэзэдэпсэухэрэр, ар зыпкъитыныгъэм, мамырныгъэм алъапсэу зэрэщытыр зыщыдгъэгъупшэ хъущтэп, - хигъэунэфыкIыгъ Адыгэ Республикэм исурэтышIхэм я Союз итхьаматэу Елена Абакумовам.

- Адыгэхэр хэгъэгу шъэныкъом ехъумэ ащэпсэух, тыдэ щымыIэхэми ялъэпкъ шэн-хабзэхэр, яшIэжь къаухъумэ. Непэрэ лъэхъаным псэухэрэм Кавказ заом иилъэсхэм фэхыгъэхэр агу къагъэкIыжьыхэзэ, тятэжъ пIашъэмэ хэкужъыр, ащ игъусэу ныдэлъфыбзэр, лъэпкъ культурэр, шэн-хабзэхэр къызэраухъумагъэхэм афэшI шъхьэкIафэ афэтшIыныр типшъэрылъ. Ащ фэдэ зэо мэхъаджэ къэрэмыхъужь, - къыIуагъ шIэныгъэлэжьэу Хъуажъ Фахьри.

Мурад шъхьаIэу къэгъэлъэгъоным иIэр адыгэ лъэпкъым къинэу кIэхэкIыгъэр къекIолIагъэхэм джыри зэ агу къэгъэкIыжьыгъэныр ары. БлэкIыгъэм тыхэIэзыхьажьын зэрытымылъэкIыщтыр, ау ащ десэ къыхэтхын зэрэфаер къыткIэхъухьэрэмэ алъыдгъэIэсын фае. Мамырныгъэмрэ зэгурыIоныгъэмрэ анахь лъапIэ зэрэщымыIэр зэкIэми къагурыIоным мэхьанэшхо иI.

Адыгеир Кавказым ишъолъыр анахь рэхьатхэм ащыщ. ЦIыф лъэпкъ зэфэшъхьафыбэу республикэм щыпсэухэрэмкIэ анахь мэхьанэшхо зиIэр зэгурыIоныгъэрэ лъытэныгъэрэ азыфагу илъыныр ары.

БлэкIыгъэм тыкъыпкъырыкIы зыхъукIэ, мамырныгъэмрэ зэгурыIоныгъэмрэ анахь лъапIэ зэрэщымыIэр нахь куоу зэхэтэшIэ. Урысыем щыпсэурэ лъэпкъ зэфэшъхьафхэр тарихъым икъоу щыгъэгъозэгъэнхэр ахэм азыфагу зыкIыныгъэ илъыныр непэ типшъэрылъ шъхьаI.

Хабзэм икъулыкъушIэхэр, общественнэ зэхахьэхэм ахэтхэр, культурэм иIофышIэхэр, лъэпкъ шIэжьыр зыгъэлъапIэхэрэр, еджакIохэр, мамыр щыIакIэр нахьышIу шIыгъэным пылъхэр зэхахьэм къекIолIагъэх.

Мэкъуогъум и 1-м нэс къэгъэлъэгъоным Iоф ышIэщт.

ЛЪЭПШЪЫКЪО Фатим.
Сурэтыр: **Iэшъынэ Аслъан.**

Тшъхьэ Iэтыгъэу дунаим тытет!

Жъоныгъуак1эм и 2I-р Кавказ заор зыщаухыгъэ шъыгъо-шIэжь Мафэу хэтэгъэунэфыкIы. Непэ тилIыхъужъмэ тафэшъыгъо, жъамэхэр афэтэгъэу, Тхьэм тафелъэIу. Мыщ дэжьым къыхэгъэщыгъэн фаеу сэлъытэ мы мафэр къэралыгъом ыгъэнэфагъэу, мэфэпчъым хэтхагъэу зэрэщытыр. Ащ къыдыхэлъытэгъэ IофтхьабзэкIэр рагъэкIокIыхэрэри хабзэр ары зэзыгъэзафэрэр. Мафэ къэс мыщ тытегущыIэрэп, ащ фэдэ пшъэрылъи зыфэтшIыжьырэп, ау мы уахътэм тефэу сигупшысэхэр къысIотыкIыхэ сшIоигъу.

ТХЬАМЫКIАГЪОУ тилъэпкъ къырыкIуагъэр егъашIэм тэ тщыгъупшэщтэп, лIэуж-лIэужэу зэIэпытхызэ, лъэпкъыр щэIэфэ гууз-лыузэу къыздетхьакIыщт. Заор зы лIэшIэгъурэ зы илъэсрэ кIуагъэ, зы къаумэр илъэс 20 мэхъу, хъулъфыгъэм илъэс тIокIым Iашэ ыIыгъэу заом хэхьан елъэкIы. ЗэрэхъурэмкIэ, лIэужитфым нэсэу заор апэкIэкIыгъ, а уахътэм адыгэ лъэпкъым лIыхъужъ шъэ пчъагъэхэр къыхэкIыгъэх - ахэмэ тичIыгу гупсэ, тиадыгэ лъэпкъ къаухъумагъ, апсэ фатыгъ.

Ау, ащ дакIоу тэлъэгъу, Кавказ заом илъэхъан шъхьэшIохыхэу тилъэпкъ фэхъугъагъэхэм саугъэтхэр адыгэ чIыналъэм щафагъэуцухэу. Ащ фэдэ щысэхэр щыIэх. ЗэмызэгъыныгъэкIэ ыкIи зэгурымыIоныгъэ къызхэкIырэ екIолIакIэу ар тилъэпкъ елъытэ, зэп ыкIи тIоп игугъу зэришIыгъэри. Сыдым пае зэрарышхо къызфахьыгъэ адыгэ лъэпкъым зи зыщимыIорэм, мамырэу тызщыпсэурэ чIыпIэм ащ фэдэ зэпэуцужь нэшанэ зыхэлъ Iофхэм щафежьэхэра? Хьаумэ, тыгу ихъыкIырэр макIэшъ, джыри зыщыфаехэм ыкIи агу къызщыкIырэм къыдэIахьыхэзэ ашIыныр пшъэрылъэу ащ фэдэхэм зыфаштэжьыгъа? Е зэгорэм адыгэ-черкес Iофыр зэIешIэ, тэ тызфигъэфедэзэ Урысые хэгъэгушхоу тызщыпсэурэм зэрар къыфихьыныр имурадэу. Джары ащ гупшысэу къытфихьыхэрэр.

Заор илъэсишъэрэ зырэ зэкIом, ар урысыпщхэм (заор макIофэ пщы IэнатIэр зэкIэлъыкIоу нэбгыритфымэ аIыгъыгъ) язакъоу ялажьэу плъытэныр тэрэзэп, генералхэр, дзэкIолIхэр, къэзэкъхэр, зэкIэхэри зэгорэм щыгугъуштыгъэх. Зыхэр яIэнатIэкIэ дэкIоенхэу, нэмыкIхэм мылъку хахынэу е чIыгушIухэм ащыпсэунхэу. Мыщ щыхэкIодэнхэр япшъэрылъэу ахэр тичIыналъэ къихьэгъагъэхэу плъытэныр акъылынчъагъэм нахь пэблагъ. Адыгэхэр пштэхэмэ, ахэмэ яIоф гъэнэфэгъагъэ: ячIыгу гупсэ, яшъхьафитныгъэ къаухъумэщтыгъэ, ащ пае заощтыгъэх.

Адыгэ лъэпкъыр нэужым, я 20-рэ лIэшIэгъум, зы хэгъэгум шъолъыр пчъагъэу щагощыжьыгъагъ: Адыгэ, Къэрэщэе-Щэрджэс, Къэбэртэе-Бэлъкъар республикэхэу ыкIи хы ШIуцIэ шапсыгъэхэу (ахэмэ Шапсыгъэ районэу яIагъэм ыцIэ I943-рэ илъэсым Лазаревскэ районкIэ зэблахъужьыгъагъ). Адыгэ-шапсыгъэу Хэгъэгу зэошхом хэлэжьагъэхэр Шапсыгъэ районым икIыгъагъэх, хымацIэ зиIэ районым къагъэзэжьыгъ. Тилъэпкъэгъухэр миллион пчъагъэ хъухэу IэкIыб хэгъэгу 50-м ехъумэ непэ ащэпсэух. Зэрэлъэпкъэу гухэкI-гумэкI гупшысэхэр къафехьы саугъэтхэр шъхьэшIоххэу Зассым, Ермоловым ыкIи нэмыкIхэм зэрафагъэуцухэрэм.

Тэ тилъэпкъ илIыхъужъхэм ясаугъэтхэр тыдэ щыIэха? Адыгэ-черкес лъэпкъым лIыхъужъишъэ пчъагъэ къыхэкIыгъ, ахэмэ щытхъур адэжь, тэри, тауж къэкIыхэрэми ашIэнхэ фае. Непэ къызнэсыгъэм тилIыхъужъмэ ацIэхэр икъоу гъэнэфагъэхэп, саугъэтхэр афагъэуцугъэхэп (зырызхэм афэшъхьафэу, ахэри ерагъэу, къинкIэ агъэпсыгъэх) а гумэкIыгъор бэшIагъэу дэдгъэзыжьынэу щытыгъ. Ау пэрыохъухэр щыIэх...

Тэ, адыгэ-черкесхэм пчъагъэрэ тызщыпсэурэ хэгъэгум тызэрэфэшъыпкъэр дгъэунэфыгъэ. Апэрэ ыкIи ЯтIонэрэ дунэе заохэм зыч-зыпчэгъоу урыс лъэпкъым игъусэхэу тятэхэр ыкIи тятэжъхэр псэемыблэжьэу пыим езэуагъэх, лIыхъужъыбэ къызэрэтхэкIыгъэм зэкIэхэри щыгъуазэх. Непэ къызнэсыгъэм ар къэтэушыхьатыжьы. Арэу зэрэщытзэ, тэ тичIыгу гупсэ хымэу тыщалъытэжьыным Iофыр нэзыгъэсыхэрэр къыкъокIых.

Сэ сишIошIкIэ, зэкъошыныгъэмрэ мамырымрэ тарихъым ишъыпкъагъэ къыпкъырэкIых. Тарихъыр зыхэм зэрэфаеу къыраIотыкIэу, адрэ лъэныкъохэр къыдамылъытэжьыхэ хъумэ, ащ зэпэчыжьэ зэдэпсэурэ цIыфхэр ешIых. Тэ тызфэукIытэн, тшъхьэ зыфэтыуфэн тятэжъмэ зи къытфыщанагъэп, тшъхьэ Iэтыгъэу мы дунаим тытет!

Урысыем и Президент пчъагъэрэ къыIоу зэхэсхыгъ, «тарихъыр зэблихъуззэ кIэзыт-хыкIыжьрэм напэ имыIэу». Ащ сэ десэгъаштэ. Непэ сэ цIыфхэм, ахэр лъэпкъэу зыщыщхэм е динэу алэжьырэм ямылъытыгъэу, зафэсэгъазэ: тызщыпсэурэ чIыпIэм тыщызэгурыIоным тыфэжъугъэлажь, мамырныгъэр къэтэжъугъэухъум!

АБЫДЭ Хьис,
Адыгэкъалэ и Адыгэ Хасэ 2007-2016-рэ илъэсхэм итхьаматагъ, Дунэе Адыгэ Хасэм игъэцэкIэкIо комитет 2012-2015-рэ илъэсхэм Адыгэ Республикэм ыцIэкIэ хэтыгъ, IофшIэным иветеран.

Тыжъ пIашъэхэм яхъопсапIэ зылъэгъужьыгъэ лIэуж

ЛIэужищым яхъопсапIэ яплIэнэрэм къыдэхъугъ- хэкужъым къыщыхъугъ ыкIи щэпсэу. Илъэс 22-рэ зыныбжь Гогон (Кайхан) Нэрыс Адыгеим къихъухьагъ, ау янэкIи ятэкIи хыикIыжьым игукIае зыщэчыгъэхэм къахэкIыгъ. Тыркуем зэрэмышIэхэу щапIугъэхэ Гогон Орхьанрэ Чэтэо Дэнэфрэ хэкужъым нэIуасэ щызэфэхъугъэх ыкIи изы унэгъо дахэ щагъэпсыгъ. Нэрыс зипхъорэлъф Чэтэо Ибрахьим ибын игъусэу I993-рэ илъэсым республикэм къэкIожьыгъагъ.

- СЯНЭ ащ дэжьым илъэс 16 ыныбжьыгъ. Ышыпхъу нахьыкIэ Мыекъуапэ еджапIэм щычIэхьагъ, нахьыжъым апшъэрэ еджапIэр Тыркуем къызщеухым ари къэкIожьыгъагъ. Сянэ АКъУ-м IэкIыб къэралыгъуабзэхэмкIэ ифакультет щеджагъ ыкIи ащ ыужкIэ щылэжьагъ. Сятэ убых. Иныбджэгъухэм, ышхэм адэжь Адыгеим къэкIуагъэу сянэрэ арырэ нэIуасэ зэфэхъугъэх. Республикэм унагъо щызэдашIагъ. Шыпхъу нахьыкIи сиI, - къытфиIотагъ Нэрыс.

ТигущыIэгъу непэрэ лъэхъаным иныбжьыкIэ шъыпкъ: игущыIакIи, итеплъи, ишIыкIи я 2I-рэ лIэшIэгъум инэшанэх. Ау ыныбжь емылъытыгъэ Iушыгъэр къыхэщы. ЛIэшIэгъу пчъагъэхэм тиIэ хъугъэ лъэпкъ пкъэухэр ылъапсэу непэрэмкIэ мэпсэу. Нэрыс жуналистикэмкIэ Пшызэ апшъэрэ еджапIэр къыухыгъ, АКъУ-м магистратурэр щылъегъэкIуатэ. А пстэумэ адакIоу республикэ гъэзетэу «Адыгэ макъэм» щэлажьэ, унэгъо сатыум игъэпсынкIи IэпыIэгъу мэхъу. БзиплI ешIэ: адыгабзэр, тыркубзэр, урысыбзэр ыкIи инджылызыбзэр. ЗыдэщыIэм елъытыгъэу зэкIэри шъхьафитэу егъэфедэ, ау ныдэлъфыбзэр нахь игунэс.

АМ: Хэта адыгэбзэ къабзэр къыпIузылъхьагъэр?

- Сятэжъэу Чэтэо Ибрахьим. Ар адыгабзэ фэшъхьафкIэ къыздэгущыIэрэп. Тыркубзэр унагъом исхэм къакIэрысхыгъ, инджылызыбзэри непэ умышIэмэ хъущтэп. Урысыем сыщэпсэушъ, урысыбзэри сIулъ. Сятэжъ ипхъорэлъфхэм къытщэгушIукIыпэ. Хэкужъым тыкъызэрэщыхъугъэр, тызэрэщыпсэурэр шIолъэпIэ дэд. Ары ежь ренэу зыкIэхъопсыщтыгъэр. Уфаемэ, иунэе проект фэдэу сэ сыщыт (мэщхы Нэрыс). ЕтIанэ «Щыгъыжъыеми» илъэс I5-рэ сыхэтыгъ. Уджыхъу Марет къыддэлажьэщтыгъ, къэгъэлъэгъонхэр дгъэуцущтыгъ. Ащи мэхьанэшхо иI.

Чэтэо Ибрахьим общественнэ IофышIэшху. Лъэпкъ культурэм, бзэм, хабзэм якъызэтегъэнэн иIахьышIу хелъхьэ. А нэшанэхэр фэкIожьыгъэх ипхъорэлъфми. Нэрыс ышIэрэ пстэумэ афэшъхьафэу Адыгэ Хасэм хэт. Лъэпкъ Iофтхьэбзэ зэфэшъхьафхэм, ахэм язэхэщэн чанэу ахэлажьэ, ныбжьыкIэ пэрытхэм якубзыпIэ ит.

АМ: Непэрэ адыгэ ныбжьыкIэхэр сыд фэдэха? Уилэгъухэм уахэт, олъэгъух.

- Непэрэ ныбжьыкIэхэм лъэпкъ культурэр, тарихъыр лъэшэу ашIогъэшIэгъоных, нахьыжъхэм яупчIыжьых, кIэупчIэх. Анахьэу ар къызщылъагъорэр дунэе хъытыур ары. Сыд фэдэуи орэхъу адыгэм ишэн-хабзэхэм афэгъэхьыгъэ нэкIубгъо гъэшIэгъонхэр агъэхьазырых, къэшъох, орэд къаIо, усэхэм къяджэх, жъугъэу зэIокIэх. ЕтIанэ, къош республикэхэм арыс адыгэ ныбжьыкIэхэр дэгъоу зэхахьэх, зэрэшIэх. Абхъазым иныбжьыкIэхэм зэпхыныгъэ адытиI. Ащ уимыгъэгушIон плъэкIырэп. Непэ Урысыер пштэмэ, ныбжьыкIэхэм апае бэ щашIэрэр, ащ амалышIухэр къетых.

Нэрыс щыIэныгъэр еублэ къодый, къыпыщылъымкIэ илэс 22-р зэуи арыхэп. Ары нахь мышIэми, джы къыщегъэжьагъэу зыфаер ешIэ - ихэку щыпсэуныр, ижь къыщэныр, ыбзэ рыгущыIэныр.

- Мыекъуапэ сыкъыщыхъугъ. НэмыкI слъэгъугъэп. Шъыпкъэ, тэкIо Тыркуеми, ау сиунэр Адыгеир ары. Сиными ныбджэгъухэр, сыгу пэблагъэхэр зэкIэ мыщ щыIэх, - еIо Нэрыс.

АНЦОКЪО Ирин.
Сурэтыр: авторыр

Дяужь къинэнухэм къахуэнэу...

Черкесск къалэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм и пащхьэм «Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу» жэуэ тедзауэ ит домбеякъ сыныр гъэхьэзырынымрэ гъэувынымрэ мылъкушхуи гуащIэ мымащIи ирахьэлIащ ар зыхуагъэувахэм я щылъху иджырей адыгэхэм. Псом хуэмыдэу, а Iуэхум илъэс зыбжанэкIэ пылъащ Хъумэрэ къуажэм щыщ жылагъуэ Iуэхузехьэ, фэеплъ сыным и проектыр зыщIа КУЭБЛ СулътIан Кърым и къуэр.

2017 гъэм къызэIуаха фэеплъ сыным къежьапIэ хуэхъуамрэ адыгэм и дежкIэ мыхьэнэуэ зэрихьэмрэ сфIэгъэщIэгъуэну, ди лъэпкъым и щыгъуэ-щIэж махуэм езгъэхъулIэри, СулътIан сыдэпсэлъащ.

«БлэкIа жыжьэм и тхыдэр гъуджэу къызэрыбгъэщыну упылъа сыным сыт къаритыр иджырей адыгэхэм?» жысIэу сыщеупщIым: «1763-1864 гъэхэм екIуэкIа зауэ лъыкI-псыкIыр зыпэщIэкIа, хэкубгынэ гъуэгум егъэзыгъэкIэ теувэныр зи натIэ хъуа дядэжьхэм я фэеплъыр дгъэкIуэд зэрымыхъунур дегъэлъагъу абы», - къызжиIащ.

Кавказ зауэм хэкIуадахэр я цIэ -унагъуэцIэкIэ дгъэнэIуэфамэ фIы дыдэ хъунут, ауэ ар нобэ зэрытхузэфIэкIыну щIыкIэр ди щхьэм къитIэскъым жытIэу, зыри дымыщIэу дытIысыжынри тэрэзкъым - дыкъызытехъукIыжахэм ягъэва мыгъуагъэм дытемыпсэлъыхьу, абыхэм я щIыхьыр дымыIэту. Илъэсищэ зауэм хэкIуэдахэм дапщэрэ уатемыпсэлъыхьми къыпхуэIуэтэнукъым икIи къыбгурыIуэнукъым гугъуехьрэ хьэзабрэ зибэ лъэхъэнэм зэрыхэпсэукIар, къэзылъхуахэмрэ къыдалъхуахэмрэ гу щамыхуэу, дунейр къатеункIыфIэнкIэ дапщэщи шынагъуэ зэрыщыIэм гусыс химыгъэкIыу.

Иужьрей илъэсиблым хуэдэуи, республикэм и унафэщIхэмрэ Адыгэ Хасэмрэ Черкесск дэт фэеплъ сыным и пащхьэм мы мазэм и 2I-м къызэрагъэпэщыну пэкIум мыкIуэу къызэрымынэнум пылъынущ зи лъынтхуэм адыгэлъ щызекIуэ дэтхэнэ зыри.

Иджы сывдэгуэшэнщ Куэбл СулътIан сыным и ухуэкIэм теухуауэ гъэщIэгъуэну сызыщигъэгъуэзамкIэ. Нэзий иIэу щIа сыным и къэухьыр метр зэбгъузэнатIэ пщыкIутI мэхъу, абы и кум итщ къамэ Iэпщэ дэгъэзеяр, пэщIэсэм тегъэбыдыхьа мэIухукIэ и гупэри и щIыбри узэдауэ.

Къамэр - хахуагъэм, щIыхьымрэ бгырыс лъэпкъхэм я зауэлIхэм къадекIуэкI щхьэмыгъэзагъэмрэ я нагъыщэщ. Фэеплъ сыным и жыпхъэр СулътIан щигъэхьэзырым, зауэр къызэрагъэувыIар къамапIэм илъу зэрыщытын хуеймкIэ нэгъэсауэ къигъэлъэгъуэфащ. КъамэкIыр къэщIыхьащ адыгэ тхыпхъэщIыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ.

МэIухухэр - Хэкур хъумэным я нагъыщэщ. Абыхэм я кум дыщэпсу къыхэцIуукI сэдзэхэмрэ шабзэхэмрэ бийм и мыжурэпэм дыщахъумэу аращ къикIыр. Сыным и лъабжьэм къещIэкIа щимэ пэу пщыкIутIым гурыIуэгъуэ тщащI Адыгэ Хэкум къриубыдэу щыта щIыналъэ бжыгъэр, ахэр зы IэштIым лъэщу зэрызэрыIыгъар. ИщхьэIуэкIэ винт мыулъийхэмкIэ хэIуэнтIащ нэзихыу гъэжа фэеплъ плитэ пIащIэхэр, Кавказ зауэм зи псэ хэзылъхьахэм лIыгъэу яхалъар, адыгэщIым и хуитыныгъэм хуэпсэуахэр дигу къагъэкIыжу.

лъитIыр дэгъэзеяуэ, абы къуаргъ тесыжу. ЕтIуанэр теухуат Iэщэ-фащэкIэ узэда адыгэ зауэлIыр испы унэм къызэрыщIэжам. Хьэтызэ итха чертежыр нэхъ инт, нэхъыбэ къызэщIиубыдэу - бгы теплъэу щIа мывэм зэхэуэм и пэмрэ и кIэмрэ къыхэIущIыкIат, и гъунэгъуу щытт адыгэ анэм нану цIыкIур и бгъафэм щIикъузауэ иIыгъыу.

- Сыныр иджыри дыуха щIыкIэкъым. Абы лъэныкъуитIымкIи иIэ дэкIуеипIэ цIыкIухэм зэпэплIимэу къыщыдгъэна щIыпIэ нэщIхэм барельеф теплъэу сыныщIэхэр щыдгъэувын ди мурадщ. Зы плIанэпэр хухэтхынущ КIэмрыгу Хьэтызэ къыщIэна лэжьыгъэм, етIуанэр теухуауэ щытынущ адыгэм и мамыр гъащIэм, ещанэр - тырку кхъухьыр къэсыным пэплъэу жыг щIагъым щIэс, псэ зыхэмытыж нанур идиихьауэ зи куэщI илъ лIыжь-фызыжьым, еплIанэр - зауэнэужь илъэсхэм ди лъэпкъым гъащIэщIэ иухуэн зэрыщIидзэжам, - фэеплъ ухуэныгъэм хищIыхьыжыну къыпэщылъым теухуауэ жеIэ Куэблым.

Мыбдежым къыхэзмыгъэщу хъунукъым фэеплъ сыным теплъэу иIэнур тхыным Куэблым илъэсиплI зэрыфIихьар, абы сурэтыщI Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд чэнджэщкIи Iуэхук1идэгъуэу зыкъыщIигъэкъуауэ зэрыщытар.

Дахэрэ уардэу щIауэ адыгэхэм сын яхуэгъэфэщэнрат нэхъыщхьэри, мывэхэкIхэмрэ гъущIхэкIхэмрэ елэжь москвадэс IэщIагъэлI лъэрыхьхэм сыныр ярегъэщI СулътIан. МазитIкIэ домбеякъым кIэрыса IэпэIэсэхэм, мэIухум къамэхэмрэ шабзэхэмрэ къыщыхагъэжым, ахэр IупщIу щытын щхьэкIэ, трахъукIри шэху плъыфэншэ трагъэлъэдэжащ, уэс къытесэми уэшх къытешхэми улъия кърамыгъэщтэну.

- ХэткIи гурыIуэгъуэщ фэеплъ сын къызэрымыкIуэ щIынми гъэувынми ахъшэшхуэ зэрытехуэр. Ди хэгъуэгум щыщу мылъку зыбгъэдэлъ ди лъэпкъэгъу куэд яхузэфIэкI къамыгъанэу къыддэIэпыкъуащ. Лъэпкъыпсэхэм сыным и щIыпщIэри тхуатащ, и лъабжьэм ихъуреягъкIэ хэтлъхьа пкъыгъуэхэмкIи дыкъызэрагъэпэщауэ щытащ, - игу къегъэкIыж СулътIан.

ЩIым къыхэкIа сыт хуэдэ хъугъуэфIыгъуэми пIалъэ иIэу Тхьэм игъэпсащи, сынри хуэныкъуэщ къыкIэлъыплъын цIыхуIэ. Гуапэ зэрыхъущи, КъЧР-м и ЩIалэгъуалэ Адыгэ Хасэм хэтхэм абы гулъытэ егъэгъуэтыныр къалэн зыщащIыжауэ, накъыгъэм и 2I-м ехъулIэу ар ятхьэщI, зыхуей хуагъазэ.

Куэбл СулътIан сыщепсалъэм къыбгъэдэкIа гупсысэхэр хьарзынэт зэкIэ, ауэ зым сыкъызэщIиIэтащ сигъэгушхуэу: «Фэеплъ сыныр Черкесск щыгъэувэным хэлIыфIыхьахэри, нобэ ар здэщыт щIыпIэм екIуалIэурэ зауэм ижь къызыщIихуахэм яхуэщыгъуэ, яхуэгумэщI ди лъэпкъэгъухэри псэхыж хъужыкъуэмэ зэгуэр, абыхэм яужь къинэнухэм фэеплъу къахуэнэнущ я щхьэр ину языгъэлъагъужыни, пщIэ зэрызыхуащIыжыни...»

ЛЫХЬ Тимур.

Я фэеплъыщ щана псэ нэхухэм

Дэтхэнэ лъэпкъми иIэу къыщIэкIынщ езым къехьэлIа тхыдэ Iуэхугъуэхэр, къэхъукъащIэхэр здызэдигъэлъапIэ щIыпIэ хэхахэр. Апхуэдэщ илъэс къэси, хабзэ зэрыхъуам тету, адыгэ лъэпкъыр, дызыхэс нэгъуэщI лъэпкъхэри къытхэту, дыздызэхыхьэ Али-Бэрдыкъуэ къуажапщэм щыIэ, Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ-сыным и щIыпIэр.

АР КАВКАЗ зауэм, щIыпIейхэм щикIуэда ди лъэпкъэгъухэм я фэеплъ хъуныр зипкъ къикIа, сыным пэублэ хуэхъуа фэеплъ мывэр зыгъэувауэ щыта Хутэ Михаил, жагъуэ зэрыхъущи, мы гъэми и лъэпкъым къыщIыгъунукъым.

Ди нэгум къыщIоувэж иужьрейуэ ар а щIыпIэм щытлъэгъуа накъыгъэм и 21 махуэр: адыгэ фащэр и пкъым екIупсу щыкъузарэ, зыхэплъэ и лъэпкъэгъухэм защимыгъэнщIу... Тхьэм здэкIуам щигъэтынш, ищIа Iуэху угъурлым и фIыр ахърэтым къыщылъигъэсыж. Мыбдеж, щIылъэм, абы и цIэр щыжаIэ, и Iуэхур ящыгъупщэкъым. Абы къикIыр арыщи, къытхэтщ Михаил, мыкIуэдыжынщ къигъэна лъэужьыр.

АтIэ, сыт нобэ уи щыIэкIэ, адыгэм и зэхуэсыпIэ, и фэеплъ щIыпIэ? Дауэрэ уекIуалIэрэ Кавказ зауэжьыр зэриухрэ мы гъэм илъэси I6I-рэ щрикъуну махуэм, блэрэ уи жьэгу мафIэр, щхьэщыт адыгэпсэр уи щIыпIэм? ...

Апхуэдэ упщIэхэм я жэуапыр зэхэтхым къыщымынэу, ди нэкIэ зэдгъэлъагъумэ ди гуапэу деблэгъащ щIыпIэм. Сыт щыгъуи хуэдэу, гуапэу къытпежьащ пщIантIэшхуэми, абы дэт музейми я лэжьакIуэ, и зехьакIуэ Хутэ Аслъэн, Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щэнхабзэмкIэ и Унэм и унафэщI, адыгэгу, адыгэпсэ нэгъэса Унэгъэс Зэмрэт сымэ.

- ЩIыгъуэ-щIэж махуэм и гугъу щытщIкIэ, комплексым къызэщIиубыдэ плIанэпэ, ухуэныгъэ къэс гулъытэ хуэщIыпхъэщ. МузеймкIэ къедгъэжьэнщи, жагъуэ зэрыхъущи, мыбы Кавказ зауэм теухуа хьэпшып щIэлъкъым, картэ зытIущ къинэмыщIа. Ауэ лъэпкъым и тхыдэм дриплъэжыну гукъыдэж диIэмэ, музейм и хьэпшып къэс абы и псалъэншэ нагъыщэщи, ди бжэхэр хэти хузэIухащ, тщIэмкIэ дадогуашэ, хэкуихур къызыхуахьауэ щыта лъэпкъ уардэм и джэгукIэу, и псэукIэу щытам я дунейм хыдошэ.

Музейм и къежьапIэ хъуауэ къэплъытэ хъунущ Али-Бэрдыкъуэ къуажэ курыт еджапIэм щIэлъа пасэрей хьэпшыпыжьхэр. МафIэс шынагъуэншагъэ хабзэкIэ ахэр еджапIэм щIэлъ мыхъуну Iуэхур къыщыкъуэкIым, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щаIыгъащ. Апхуэдэу зэрыщытыр зэхэзыха къуажэдэсхэр зэчэнджэщри, унафэ къахьащ мыбдеж къыщIалъхьэну. Ахэр музей хьэпшыпу тхъумэным папщIэ дызыхуэныкъуэ ашыч тегъэпсыхьа тIощIрэ ирэ хьэрычэтыщIэ Аргун Олег и мылъкукIэ тхуригъэщIащ.

Адыгэ Хасэм хэт щIалэхэр, еджакIуэ цIыкIухэр, къуажэдэсхэр - псори зэщIыгъуу делIалIэри, хьэпшыпхэр музейм къэдгъэIэпхъуэжащ. Аргуэру Олег къытхуищэхури, картэ, сурэт, къинэмыщIхэр тыгъэ къытхуищIащ. Абы щегъэжьауэ цIыхухэми хьэпшыпхэр къыдахьэлIэн щIадзащ. Ныбжьышхуэ зиIэхэр яхэтщ абыхэм, апхуэдэщ, псалъэм и жыIэгъуэкIэ, илъэси I00 ныбжь зиIэ бащлыкъыр.

Си гум къинэжащ зы къэбэрдей щIалэ. Ар гъуэгурыкIуэу музейм къыщIыхьэу зыщиплъыхьа нэужь: «ЩIакIуэ фиIэкъэ?» - жери щIэупщIащ. ЗэрыдимыIэр къыщищIэм, музейм щIакIуэ тыгъэ къыхуищIыну дыкъигъэгугъащ. Махуэ зыбжанэ нэхъ текIатэкъым, щIакIуэшхуэ музейм къыщищIихьам. Ар адыгэгукъэ, ар и псалъэм тетыж цIыхукъэ?! Тхьэм игъэпсэу ари, пасэрей хьэпшыпыжьхэр и унагъуэ кърихыу тыгъэ къытхуэзыщI дэтхэнэри.

Мы фэеплъ щIыпIэм, адыгэм и гуауэм и нагъыщэ хъуам, хэхауэ кино трахыну гуп къытхуэкIуауэ щытащ. Нэгъабэ къудейр къэсщтэжынщи, Тыркум къикIа гупиплI ди хьэщIащ. Иорданым къикIа, Шыбзыхъуэхэ къахэкIа зылI ди хьэщIащ. Ар зыгъэ ди лъахэм къеблэгъауэ щыта пащтыхьыкъуэ Алий щIыгъут, генералт. Абы лъандэрэ и гум илъащ къытригъэзэжыныр икIи зригъэхъулIащ и хъуэпсапIэр.

Иджы дыдэ зы унагъуэ гупыфI къытхуэкIуащ. Езыхэр шапсыгъхэм ящыщщ, Тыркум къикIащ. Зы нанэ ящIыгъут, илъэс 90-м щIигъу и ныбжьу. Хуабжьу игу хыхьэу музейм зыщиплъыхьащ, Iуащхьэм дэкIыным пэлъэщыфыным тIэкIу шэч къытесхьами, сыхущIригъэгъуэжащ: «Сэ нет сщIыуэ сыкъыщIэкIуар аращ, зи хъыбар зэхэсха мывэ сыным дыуэ тесщIэну, тхьэ сыщелъэIуну сыхуейуэ»,- жери. Фи фIэщ зэрыхъун, сылъэщIэмыхьэу дэкIри къехыжащ а нанэр Iуащхьэм.

Дызэпсалъэурэ, жесIащ мывэ сыныр къезыхьэжьа, зыгъэува Хутэ Михаил сызэрикъуэшыр, Исмэхьил дызэрикъуэр. Нанэр къэгуфIэри жиIащ зыщыпсэум деж Исмэхьил, Хьэмид зи цIэ, Хутэ зи унагъуэцIэ лIы хъарзынэхэр зэригъунэгъур.

Хутэ лъэпкъым щыщ Тыркум икIауэ щытащи, ди Iыхьлы гуэру пIэрэ жызоIэ. Си телефонри нанэм ищтащи, сыпоплъэ жыхуиIахэм зыкъыщыспащIэнум. ХьэщIэу къытхуэкIуэм щIыпIэм я щхьэр хуагъэщхъ, ягухэр къыщызэфIонэ, блэкIа гуауэм егъэдзыхэ. Хэти къигъэзэжыным щIохъуэпс, ауэ куэдым ар къайхъулIэну гугъапIэ яIэжкъым... Ауэ, хьэкъыр зыщ - дэнэ щымыIахэми, дэнэ щымыпсэуми-дызылъэпкъщ, дызыкъуэпсщ, ди зэпыщIэныгъэм и зы Iэмалщ фэеплъ щIыпIэр, - жеIэ Аслъэн.

Пэжщ ди нэхъыжь угъурлым жиIэр. Комплексыр цIыхуншэ, гулъытэншэ хъукъым. Абы и щыхьэтщ музейм щIэлъ, цIыхубэ псалъэхэр зратхэ журналхэр. Апхуэдэ зым из хъури Iуахыжауэ, етIуанэм и зэхуэдитIыми фIыуэ блахужащ. Дыхуейт иратха псоми дыкъеджэну, ауэ абыхэм я нэхъыбэр хамэбзэкIэ тхащи, неIэмал, тхуэгъэкъулейкъым. Тхыгъэхэм кIэщIэтхахэмкIэ гурыIуэгъуэ мэхъу зытхахэр къыздикIар: Германие, Сауд Хьэрып, Эмиратхэр, Иордан, Щам, Сахалин, Москва, Согъум... ГъэщIэгъуэнракъэ, ахэр псори адыгэкъым, яхэтщ урыси, къинэмыщI лъэпкъи, ауэ псоми щIыпIэр зэрызрагъэщIэгъуэкIыр, тхыдэ къэхъукъащIэм пщIэ хуащIу зэрахъумэм папщIэ фIыщIэ ящI.

- Ди лъэпкъым къытепсыхауэ щыта гуауэм ди гур, ди псэр зэгуэрми ибгынэкъым, ауэ дэ къэдгъэхъукъым нэгъуэщI лъэпкъхэм деныкъуэкъуу, дыхьэргъэшыргъэу, ди гуауэр дгъэпудыжу, куэдыщэрэ я пащхьэм щыдгъэджэрэзыныр. Дызыщыпсэур хамэ къэралхэри къызыхуенэцIэкI, щапхъэ зыхуащI Урысей уардэрщи, абы и хабзэм зедгъэкIуу, мамыру допсэу.

Ди лъэпкъыбзэ зыдохьэ, додж, ди хабзэ, ди дин къытпаубыдкъым, а псори шыкурщ. АтIэ, мес, тпэжыжьэ хъуа ди лъэпкъэгъухэм хьэзабышхуэхэр ятелъу псэуащ, уеблэмэ я адыгэбзэ къажьэдэIукIын, адыгэцIэ я быным фIащын хуимытыжу. КIуэ иджы апхуэдэжкъыми, абыи дыщогуфIыкI, - псалъэм къыпещэ Унэгъэс Зэмрэт.

Музейм, комплексым и къежьэгъуэ дыдэми дыщагъэгъуэзащ ди псэлъэгъухэм. Апхуэдэу, зыхузэфIэкIхэм я мылъку хэлъу, Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ щрикъум хуэкIуэу, 2014 гъэм къызэIуахауэ щытащ комплексыр, абы дэт псэуалъэхэр. Ауэ Iуэхур зэпыужри, зы зэманыфIкIэ комплекси, музеи мылэжьэжу щытащ, къуажэр зэхыхьэу, Аргун Олег дэIэпыкъуэгъушхуэ къахуэхъуу, 2019 гъэм къызэIуахыжыхун.

Псори зипкъ къикIа фэеплъ мывэжьым и гугъу пщIымэ, Зэмрэт зэрыжиIэмкIэ, ар 1989 гъэм, накъыгъэм и 7-м къытрагъэуваауэ щытащ. 1991 гъэм япэ пэкIур мы щIыпIэм щекIуэкIащ, япэ мывэ сынри нэгъуэщIкIэ зэрахъуэкIащ. Ауэ Михаил игъэувар комплексым дахакъым, ар ноби Iуащхьэм и лъабжьэм щытщ, псоми и къежьапIэ зэрыхъуам и щыхьэту. Иужьрей илъэсхэм комплекс пщIантIэм жыгыщIэхэр къызэрыщыкIым гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Апхуэдэу, нэгъабэ, Адыгейм къикIа бзылъхугъэ гуэрхэм щхъуэмчжыг цIыкIуищ хасауэ щытат, адыгэ лъэпкъищым я нагъыщэу. Щхъуэмчжыгхэм щIагъужащ мыIэрысейхэр. ИужькIи гъэщIэгъуэн къэхъуащ.

- Жыгхэм я гугъу щытщIакIэ, зы сигу къокIыж, - жеIэ Аслъэн. - Адыгейм щыщ зы бзылъхугъэ Хьэбэз щыхьэщIэти, комплексым къашэри зыщрагъэплъыхьащ. КIуэжри, заули текIыжауэ, Хьэбэз, зи хьэщIахэм къысхуаIуэху: ди хьэщIа бзылъхугъэм пщIыхьэпIэ и нэгу щIэкIащ, гъэмрэ щIымрэ щызэблэкI махуэм, гъатхэпэм и 21-м мы щIыпIэм жыгыщIэ цIыкIу, адыгэ лъэпкъищым ди нагъыщэу, хэфсэн хуейуэ, къызжаIэ. ТщIащ апхуэдэу. Мес, дыхьэпIэ дыдэм щытщ, мэкI жыг цIыкIур.

Фэеплъым, музейм теухуа Iуэху щIэщыгъуэхэм я гугъу тщIынщи, Хутэ Михаил и цIэкIэ къуажэ еджапIэм шахмат джэгугъуэхэр щрагъэкIуэкIынущ. Музейр проекторкIэ къызэрагъэпэщ. Iуащхьэ лъабжьэм телъ, адыгэ лIакъуэцIэ 12-м тетхахэр къагъэщIэрэщIэжынущ, пэкIу нэужьым пагъэнэжыну жьэгу мафIэ теплъэгъуэр ягъэхьэзыр... Апхуэдэрыххэщи, Iуэхур куэдщ, ауэ абыхэм иужьыIуэкIэ, щыгъуэ-щIэж махуэм и дауэдапщэхэр зэфIэкIа нэужь, фыщыдгъэгъуэзэнущи, иджыкIэ ипэ дилъэдэнкъым.

ТУАРШЫ Ирэ.

Мыгъэрэ ШIэжь мафэр Самсун щызэхащэщт

КАФФЕД-м иунашьокIэ, Черкес ЛьэпкъгъэкIод ыкIи Хэкур Ягьэбгынэным и Шьыгьо ШIэжь Мафэу жьоныгьуакIэм и 21-рэр мыгьэ кьалэу Самсун щызэхащэщт. Самсун Черкес Културэ Хасэм ильэу КАФФЕД-м иунэшьошIыхэм дырагьэштагъ. Зэхахьэр жьоныгьуакIэм и 24-рэм шэмбэт мафэм щыIэщт.

КАФФЕД-м кIэлэцIыкIухэм апае афиша ыкIи сурэтшIыгьэ зэнэкьокьу зэхещэ. Афишым «ЖьоныгьуакIм и 21-р 1864-рэ Черкес ЛьэпкьгьэкIод ыкIи Хэкум игьэкIынхэм и 161-рэ ильэс» кьыгьэльэгьон фае. Ащ ильэс 4 - 12-м, 13 - 18-м итхэр регьэблагьэх. «Каф Къушьхьар Сигугьэ Хэку» зыфиIорэ зэнэкьокьум кьыхагьэщырэ, 13 - 18 зыныбжь нэбгырищыр Хэкум щыIэщт, гьэмэфэ ныбжьыкIэ зэIукIэм КАФФЕД-м ыгьэкIощтых. Зэнэкьокъум ыуж сурэтшIыгьэхэр электроннэ нэкIубгьом кьыщагьэльэгьощтых.

Жюрим хэтых: Гусэрыкьо Махьмуд Кочер, ХьапакIэ Хакан Экер, Бэданэкьо Мэрал Фидан, КIенэт Джулие Ёздемир, Нюлифер Хьатидже Кая, Семанур Коч, ЛIыIужьукьо Ёзджан АтыджыIэр.

Тырку

«ЛъэпкъгъэкIод Iотэжь: Черкесхэм я хэку ягъэбгынэныр»

Дюзджэ университетым Кавказ бзэхэм ыкIи литературэмкIэ и факультетым зэхищагъэ «Академие шIэныгъэ зэIукIэм» иапэрэ пычыгъо, черкес лъэпкъым 19-нэ лIэшIэгъум егъэзыгъэкIэ яхэку зэрырагъэбгынагъэм ыкIи хэхэсы зэрашIыгъэхэм еплъыкIэ зэфэшъхьафхэр къыщраIотыкIыгъ.

МЭЛЫЛЪФЭГЪУМ и 25-рэм щыIагъэ зэIукIэм цIыфыбэ къекIолIагъ. Ар зэрищагъ Кавказ бзэхэм ыкIи литературэмкIэ факультетым икъутамэ итхьаматэу егъэджакIоу Доктор Дзыбэ Фехми Алтын.

«ЛъэпкъгъэкIод Iотэжь: Черкесхэм я хэку ягъэбгынэныр» зышъхьа зэIукIэм, хэкур ягъэбгынэным имызакъоу, Черкесхэм ятарихь ыкIи я культурэ ар зэрэхэтым академие екIолIакIэхэр иIэу щытегущыIагъэх.

Доктор Алтын (Дзыбэ) идоклад, Черкесхэм ижъырэ - тарихъ псэупIэхэу, ХышIуцIэм и къокIыпIэ щыублагъэу Кавказ къушъхьахэм якъежьапIэ нэсыжьэу чIыгоу зэрысыгъэхэм, псыхьохэм ыкIи къушъхьахэм социо-культурэм щыIакIэр зэрапсахыгъэм фэгъэхьагъагъ.

Ащ дакIоу Черкес ыкIи Адыгэ цIэм ылъапсэ къыщыуцугъэх шIэныгъэлэжьхэр, этнонимхэм тарихъым чIыпIэу щиIыгъыгъэм тегущыIагъэх.

Урыс-Кавказ ыкIи нахьэу Урыс-Адыгэ заом къызэлъиубытэу черкесхэм ашIухэдагъэхэр, ягушъхьалэжьыгъэ лыеу рихыгъэр ыкIи купышхохэм хэкур зэрарагъэбгынагъэр «лъэпкъгъэкIод» концептым къыпкъырыкIыхэзэ зэхафыгъ.

ЗэдэгущыIэгъум, Черкес лъэпкъым и социо-культурэ зэхэпшъагъэ зэрэхъугъэм, «Адыгэ Хабзэ» зыфаIорэ философием нэбгырэ зырызхэм къыхэкIым цIыф жъугъэхэм ахахьэзэ гъуазэу зэрэхъугъэм игугъ щышIыгъ. ЦIыфыр къызщыхьурэмрэ зыщылIэжьымрэ азыфагу щыIэныгъэм хабзэм чIыпIэу щыриIэм, фэIо фашIэхэм ыкIи ха-бзэм и шапхъэхэр, щыIакIэм кIуачIэу чIыпIэу щиубытырэр щысэхэмкIэ къагъэлъэгъуагъ.

Лъэпкъым, тарихъым щыублагъэу мы шапхъэхэр зэригъэпсэугъэхэр ыкIи непи ахэр зэригъэпсэушъухэрэр зэдэгущыIэгъум иананэхъ шъхьаIэу хъугъэ, анаIэ зытырадзагъэ зэхэфынхэм ащыщыгъ.

Дюзджэ университетым Адыгабзэмрэ культурэмкIэ и кафедрэм щылажьэ, филологие шIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ХьакIэмыз Мир Адыгэ лъэпкъ тхэкIошхоу Мэщбэшlэ Исхьакъ ытхыгъэхэм къатегущыIагъ. ТхакIом иныбжь илъэс 95-рэ зэрэхъугъэм ар фэгъэхьыгъагъ.

«ГукъэкIыжьым ымакъ: ЖьоныгъуакIэм и 21-рэ»

ЧЕРКЕСХЭМ я гукъэкIыжьхэр игъуазэхэу, хэкум игъэкIыныр ыкIи диоспорэ концептым еплъыкIэ зэфэшъхьафхэр къыщызыIуатэрэ документальнэ фильмэу «ГукъэкIыжьым ымакъ: ЖьоныгъуакIэм и 2I-рэ» Тыркуем икъэлабэмэ къащагъэлъэгъуагъ. Мыгъэ ар жьоныгъуакIэм и 7-м Венгрием къалэу Будапешт, Университет Еётвёс Лоранд-Eötvös Loránd щыIагъэ зэIукIэм къыщагъэлъэгъуагъ. ЗэIукIэм хэлэжьагъэх ыкIи къыщыгущыIагъэх проектым дэлэжьагъэ режиссерэу Фатих Эким, Юсыф Атик ыкIи Эмрэ Пщыгъусэ.

Гъуазджэ

ЩIэблэм я зэхыхьэ

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондыр я дэIэпыкъуэгъуу зэхаша «Сыринэ» щIалэгъуалэ театрыр Тыркум махуипщIкIэ щыIащ.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭР ирагъэблэгъащ а къэралым щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я зэгухьэныгъэу ди бзэр, щэнхабзэр хъумэным, щIалэгъуалэм я тхыдэр ящIэжу, къызыхэкIа лъэпкъым иригушхуэу къэгъэхъуным хуэгъэзауэ щылажьэ «Хэхэсым и щIэблэ» зи фIэщыгъэ зэгухьэныгъэм Анкара къыщызэригъэпэща зэхуэсым.

Налшык икIахэм нэмыщI, абы хэтащ езы Анкара, Истамбыл, Къайсэр къалэхэм къэдза адыгэ жылэхэм щыпсэухэри.

«Сыринэ» щIалэгъуалэ театрым Тыркум и къалащхьэм щигъэлъэгъуащ кърихьэлIахэм гъэщIэгъуэн ящыхъуа, Къаныкъуэ Заринэ «КъежэкI» зыфIища и пьесэм къытращIыкIа спектаклыр. Ар екIурэещхьу утыку зэрыщагъэлъэгъуар куэду и фIыщIэщ режиссёр Iэзэ Къанкъул Исльам.

Налшык щегъэжьауэ гъуэгум зэрытета сыхьэт 44-р мымащIэми, ныбжьыщIэхэм ар бжьиз хуэдизу къащыхъуакъым. МахуипщIым тращIыхьа зэхэзекIуэм ахэр япэщIыкIэ зыхуишар, зэрыжытIащи, а къэралым и къалащхьэ Анкара дэс ди лъэпкъэгъухэм я дежщ.

ЩIалэгъуалэ театрым хэтхэр Тырку хэгъэгум здитым, жэщым сыхьэтитIым нэблэгъауэщ Анкара щынэсар. ЕзыгъэблэгъахэрИ щыст абыхэм къежьэу. Къалащхьэми абы и Iэхэлъахэми ди лъэпкъэгъухэм ящыщу нэхъыбэу щыпсэур абазэхэхэм, кIэмыргуейхэм, беслъэнейхэм къахэкIахэращ, нэгъуэщIу жытIэмэ кIахэ адыгэхэрщ.

Хэкум куэд щIауэ пэIэщIэ ди лъэпкъэгъухэр зэрыгуфIар къызэрыпIуэтэжын псалъи гъуэтыгъуейщ. Бысымхэр хьэщIэхэм гуапэу, Iэгуауэ-пшынауэкIэ къаIущIащ.

ХьэщIэхэр унагъуэхэм тIурытIу трагуэшат, ауэ бысымхэр кIуахэм нэхърэ нэхъыбэти, зылъымысахэр, я жагъуэ хъуауэ, зэбгрыкIыжащ. Налшык икIахэми зэрыжаIауэ Анкара дэсхэм я псэлъэкIэр Къэбэрдейм щызекIуэм зэрытемыхуэм къыхэкIыу, зэдэуэршэрыгъуафIэтэкъым. Къызэхуэсахэм яхэтт адыгэбзэр мащIэу къызыгурыIуи къызыгурымыIуэххи. Абыхэм бзэр зэрызэрагъэщIэным хущIокъу, хасэхэр нэхъыбэу къызэрагъэпэщ, бзэр щрагъэдж школхэр яIэщ.

ХьэщIэхэмрэ Тыркум и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэмрэ зэрылъагъун, зэрылъытэн папщIэ кърахьэжьа Iуэхушхуэм хэтахэм я ныбжьт илъэсих-блым къыщегъэжьауэ пщыкIухпщыкIуийм нэсыху. Налшык икIахэм нэмыщI, а зэIущIэм ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэу хэтащ 250-м щIигъу.

Гупыр щыIащ а къэралым и къалэ нэхъ инхэм ящыщ Къайсэр, адыгэ къуажэу 70-м щIигъу зэгъэщIылIам. А щIыпIэм щыпсэухэм я нэхъыбэр къэбэрдейхэращи, зэпсэлъэнымкIэ Iуэхур нэхъ тыншт.

«Сыринэм» зыкъыщигъэлъэгъуащ Къайсэр дэт щэнхабзэмкIэ унэхэм я нэхъ иным. Абы иужькIэ хьэщIэхэр яшащ а къалэм дэт, адыгэ мин 45-рэ щеджэ университетым икIи абджеми зыкъыщрагъэгъэлъэгъуащ. Бысымхэм Хэкужьым икIа ди щIалэгъуалэхэм я нэгу зрагъэужьащ: абыхэм зыщрагъэплъыхьащ къалэм тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ и музейм.

Налшык икIахэр яшащ зыплъыхьакIуэхэр нэхъ щызэблэкI Каппадокие щIыналъэми ЩIыкурытых и Iуфэм Iус Анталье къалэми. «Сыринэ» театрым а къалэми зыкъыщигъэлъэгъуащ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

ЩIэныгъэ журналым и къыдэкIыгъуэ

ЩIДАА



Дунейм къытехьащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием къыдигъэкI журналым и зи чэзу Iыхьэр. Ар гъэнщIащ математикэмкIэ, экологиемкIэ, техникэмрэ технологиемкIэ, филологиемкIэ тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ, зи махуэр зыгъэлIапIэ щIэныгъэлIхэм яхуэгъэза тхыгъэхэмкIэ.

МАТЕМАТИКЭМ теухуауэ къэхутэныгъэхэм я гугъу щащI физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэу Хъущт ФатIимэрэ Ефэнды Беслъэнрэ я тхыгъэхэм.

Кавказ Ищхъэрэм и бгылъэхэр зи псэупIэ щIы дзыгъуэм тетхыхьащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дзу Руслан, КъБКъУ-м биологиемрэ геоэкологиемкIэ и кафедрэм и инженер Шэрыб Iэсят, математикэмрэ информатикэмкIэ кафедрэм и лэжьакIуэ Бицу Тимур сымэ. Тхыгъэм къыхощ зи гугъу тщIы псэущхьэм и теплъэмрэ къупщхьэхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм зэрыщыпсэум къыхэкIыу зэрызахъуэжам.

Биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Шал Тимуррэ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор Чумаков Сергейрэ тетхыхьащ Абхъазым и щIыр ухуэныгъэ щебгъэкIуэкI хъуным теухуауэ зэрагуэшымрэ зэрызрахьэмрэ. Абыхэм къапщытащ республикэм къыщагъэсэбэпымрэ зытемылэжьыхь щIы Iыхьэхэр зыхуэдизымрэ.

Тырныауз къалэм дэт, вольфрамрэ молибденрэ къыщыщIах комбинатым и Iэгъуэблагъэм къыщыкI къэкIыгъэхэм ятеухуауэ тхыгъэшхуэ зэдатхащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Щхьэгъэпсо Сэфарбий, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, академик Литвинская Светланэ, КъБКъУ-м и лабораторэм и унафэщI, биологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Надзырэ Ранетэ сымэ. Бахъсэн аузым хиубыдэ щIыпIэ 21-м къыщыкI къэкIыгъэхэр яджащ, дэтхэнэми зэпкърыхауэ тепсэлъыхьыжащ щIэныгъэлIхэр.

Тракторым и къарум ехьэлIа къэхутэныгъэхэм дыщегъэгъуазэ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Балъкъэр Руслан. Бгылъэ лъагапIэхэм щыхъуакIуэ жэмхэр къызэраш Iэмэпсымэхэр зэрызэтраухуэм тетхыхьащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Егъуэж Артуррэ техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Бэрэгъун Альбертрэ.

Тхыгъэ купщIафIэ журналым итщ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэ Гъут Лянэ и IэдакъэщIэкIыу. Ар топсэлъыхь Нэгумэ Шорэ адыгэ тхыдэ-лIыхъужь эпосым и япэ къэхутакIуэу зэрыщытым.

Адыгэ щэныр тхакIуэ Мэкъуауэ Амир и IэдакъэщIэкIхэм къазэрыхэщыр иджащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ХъуакIуэ ФатIимэт.

Апхуэдэу журналым ихуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Тхьэгъэпсо Хьэжысмел «Лъэпкъ щIэныгъэр: пасэм зэрыщытамрэ иджы зэрыхъуамрэ» зыфIища и монографием теухуа тхыгъэ. Ар ягъэхьэзыращ философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Ахъуэхъу Еленэрэ КъБКъУ-м философиемрэ социологиемкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэ Нэгъуей Лаурэрэ.

ЩIДАА-м и академик Литвинская Светланэ къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу Щхьэгъэпсо Сэфарбий игъэхьэзыра тхыгъэр къытехуащ журналым.

Мы къыдэкIыгъуэм ихуащ 2024 гъэм дунейм ехыжа академик Щомахуэ Лев теухуауэ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Егъуэж Артуррэ зэдатхари.

ФЫРЭ Анфисэ.

Псэ жыгыр

Скульптор ГъущIапщэ Арсенрэ архитектор Мату Зауррэ ящIа «Псэ жыгыр» 2004 гъэм ягъэуващ. Ар 1763 - 1864 гъэхэм екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэжьым хэкIуэдахэм я фэеплъщ. Шэрхъ щIыкIэу гъэжа бетоным тещIыхьащ жэзым къыхэщIыкIа, метрибл зи лъагагъ жыгыр. Псэ жыгым къудамибл иIэщ. «Къудамиблым къагъэлъагъуэ лIакъуибл: адыгэхэм благъагъэр лIакъуиблкIэ къабжыр. Фэеплъыр зауэмрэ щыгъуэмрэкъым зи нэщэнэр, атIэ гъащIэ къегъэлъагъуэ. Псэ жыгым и дамыгъэр Мейкъуапэ, Хьэт щэнхабзэхэм къыщыгъэлъэгъуауэ урохьэлIэ», - жеIэ ГъущIапщэм.

ИЛЪЭСИЩЭ зауэм теухуа фэеплъ Налшык щагъэувын унафэр къащтат 1994 гъэм. Абы щыгъуэ Хуитыныгъэм и жыг хадэ цIыкIум деж щагъэтIылъауэ щытащ мывэ, абдежым фэеплъ зэрыщаухуэнур тетхауэ. Зэман дэкIри, мывэр щагъэтIылъам тIэкIу нэхъ ищхьэкIэ щаухуащ фэеплъыр - адэжьхэм щIыхь зэрыхуащIым и нэщэнэ Псэ жыгыр. Ар я фэеплъщ Хэкум папщIэ зи псэ зытахэм, щIэблэм я хуитыныгъэм щIэхъуэпсахэм, я насыпым щIэзэуахэм. «Псэ жыгым» къегъэлъагъуэ къэкIуэнум фIыкIэ дызэрыщыгугъри.

Илъэс къэс накъыгъэм и 21-м фэеплъым и деж щрагъэкIуэкI Щыгъуэщ1эж махуэм теухуа Iуэхугъуэхэр.

НАФIЭДЗ Данэ.

ДахагъэкIэ гъэнщIат

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80-м щрикъум ирихьэлIэу Тэрч къалэм и «Тэрч Олимп» спорт комплексым щекIуэкIащ щIыналъэхэм художественнэ гимнастикэмкIэ я зэхьэзэхуэ. Хэгъэрейхэм нэмыщI, абы хэтащ Донецк, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ипщэ, Ингуш республикэхэм, Ростов областым, Ставрополь крайм я командэхэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щIимыдзэ щIыкIэ Тэрч щIыналъэ администрацэм и унафэщI Хъущт Аслъэнбий къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ икIи спортсменхэм ехъуэхъуащ я текIуэныгъэ дахэхэмкIэ къыдэщIхэр ягъэгуфIэну. ЗэIущIэм хэтащ Вагъуэ Плъыжь, Бэракъ Плъыжь орденхэр зезыхьэ, полковник Смирнов Евгений, КъБР-м и лIыкIуэу УФ-м и Президентым деж щыIэ Быкъыш Рустам, КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Къэжэр Хъусенрэ ЛIэужь Ахьмэдрэ, УФ-м художественнэ гимнастикэмкIэ и федерацэм (зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэмкIэ) и президент Осьмак Алинэ, КъБР-м спортивнэ, художественнэ гимнастикэхэмкIэ и федерацэм и унафэщI Твитовэ Иринэ сымэ.

Зэхьэзэхуэм 1-нэ разряд зиIэ спортсменхэм я деж япэ увыпIэр къыщахьащ Тэрч къалэм щыщ Нэкус Ланэрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и гимнасткэ Валиевэ Викториерэ.

УФ-м спортымкIэ мастерым и кандидатхэм я программэмкIэ япэ увыпIэр къихьащ Тэрч къалэм щыщ ГъуэщокъуэДианэ. УФ-м спортымкIэ и мастерхэм я программэмкIэ псоми ятекIуащ Назрань къалэм къикIа Оздоевэ Тамилэ.

Тэрч къалэм художественнэ гимнастикэмкIэ и «Грация» спорт школым и тренер нэхъыщхьэ Щомахуэ Зинаидэ къыхигъэщащ зэхьэзэхуэм хэта спортсменхэм зэфIэкIыфIхэр зэраIэр икIи дахэу зэрызыкъагъэлъэгъуар.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

ЗэкIэлъхьэужьу къэрокIуэ

Футбол

«Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0. Нэзрэн. Аушевым и цIэр зезыхьэ стадион. Накъыгъэм и 17-м. ЦIыху 220-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Лацвиев (Дон Iус Ростов), Шварц (Смоленск), Нередькэ (Краснодар).

«**Ангушт**»: Хаштыров, Наниев, Гарисултанов, Осмаев, Уянов, Хамхоев, Ахильгов, Юсупов (Таркоев, 65), Каспарян, Тутаев (Сарбашев, 65), Гугуев (Чаадаев, 46; Лафыщ, 87).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Хизриев, Къардэн, Гъэугузокъуэ (Чичбэ, 87), КIэдыкIуей, Далиев, Блий, Мэшыкъуэ (Лу, 87), Хьэшыр, ЛIуп (Шэрджэс, 63), Мусаев.

Дагъуэ къыхуащIащ: Ахильговым, Мэшыкъуэм, Гъуэгузокъуэм.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и епщIанэ джэгугъуэм «Спартак-Налшыкыр» ирихьэлIащ и тренер нэхъыщхьэр яхъуэжауэ. НэгъуэщIуи хъуну къыщIэкIынутэкъым, зэхьэзэхуэм къащыкIэрыхухэм зэрахэтыр икIи иужь зэIущIищри зэрыфIахьар къэплъытэмэ.

Ди командэр Нэзрэн къалэм зышар Битокъуэ Тимур и дэIэпыкъуэгъуу иджыри къэс ди командэр зыгъэса Емкъуж Муратщ. «Спартак-Налшыкым» и джэгукIэм абы зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр хилъхьэну абы, дауи, зэман иIакъым. Апхуэдэу щытми, нэрылъагъут гупыр нэхъ жыIэдаIуэ зэрыхъуар икIи аращ зи фIыгъэр ипэ ита зэIущIэхэм елъытауэ судьям дагъуэ куэдрэ къазэрыхуимыщIар.

Зэхьэзэхуэм къыщыкIэрыхухэм ящыщ «Ангушт»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» джэгукIэ удэзыхьэх къагъэлъэгъуауэ пхужыIэнукъым. Абыхэм яхузэфэкIар я гъуэр яхъумэжынырщ икIи 0:0-р яхуэфащэ дыдэщ.

Гур хагъэхъуакъым ди къуэш республикэхэм я командэхэми. Мейкъуапэ и «Дружба»-ри Черкесск и «Нартри» бжыгъэ зэщхькIэ, 0:1-уэ, Дон Iус Ростоврэ Ставропольрэ къыщыхагъэщIащ. Абы и зэранкIэ турнир таблицэм къыщекIуэтэхащ икIи зэкIэлъхьэужьу ебгъуанэ - епщыкIузанэ увыпIэхэр яIыгъщ, яужьым гупищ фIэкIа къимыту. Дыщыгугъынщ, мыгувэу а щытыкIэ гугъум къикIыну.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: «**Кубань Холдинг**» (Павловскэ) - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - **3**:**0**, «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Нарт**» (Черкесск) - **1**:**0**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Сочи-2**» (Сочэ) - **1**:**1**, «**Рубин**» (Ялтэ) - «**Севастополь**» (Севастополь) - **2**:**1**, «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **1**:**0**, «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Победа**» (Хасавюрт) - **1**:**3**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр накъыгъэм и 24-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъэнущ «Астрахань» командэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.«Кубань Холдинг»	**10**	**6**	**4**	**0**	**23-9**	**22**
2. «Ростов-2»	**10**	**6**	**2**	**2**	**16-8**	**20**
3. «Динамо Ставрополь»	**10**	**6**	**2**	**2**	**15-12**	**20**
4. «Сочи-2»	**10**	**5**	**4**	**1**	**18-9**	**19**
5. «Победа»	**10**	**6**	**1**	**3**	**16-13**	**19**
6. «Севастополь»	**10**	**4**	**4**	**2**	**15-14**	**16**
7. «Легион»	10	4	3	3	11-11	15
8. «Рубин»	10	4	2	4	10-12	14
9. «Дружба»	10	3	2	5	16-13	11
10. «Нарт»	10	2	4	4	7-11	10
11. «Спартак-Налшык»	**10**	**2**	**3**	**5**	**10-14**	**9**
12. «Астрахань»	10	1	5	4	13-12	8
13. «Ангушт»	10	1	3	6	4-14	6
14. «Динамо-2»	10	0	1	9	4-26	1

ДыдэвгъэIэпыкъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, илъэс 14 зи ныбжь щIалэ цIыкIум гъэхъужыгъуей узыфэр, Iэпкълъэпкъым зезмыгъэужьу зэщIэзыгъанэр, пкърытщ. Ар зыджа франджы дохутыр Дюшенн и цIэр зезыхьэ узым и хущхъуэр икъукIэ лъапIэщ.

«ГУ КЪАБЗЭХЭР» псапащIэ фондым и нэIэ щIэту абы хузэхуахьэс а хущхъуэм и уасэр. Фондым и унафэщIыр Нэгъуей Маратщ.

Псори дызэкъуэвгъэуви, Ахьмэд зыщIэдвгъэгъакъуэ! Ди дэIэпыкъуныгъэм и фIыгъэкIэ абы Iэмал иIэщ илъэсибл хъуауэ зыпэщIэт узым текIуэну. Ахьмэдрэ и унагъуэмрэ я хъуэпсапIэр - ар узыншэ хъужу насыпыфIэу псэуну - къайхъулIэнымкIэ дэтхэнэ зыри сэбэп дыхъуфынущ.

Ахъшэр здевгъэхьынур: Благотворительный фонд помощи «Чистые сердца» 30101810145250000974 - (Т-банк)

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр накъыгъэм и 23-м къыдэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ **ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ширдий Маринэ (*унафэщI-редактор*), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (*унафэщI-редактор*), **Къаншокъуэ Эллэ** (*жэуап зыхь секретарь*), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.437
Заказыр №1063

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.),* *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.